

Milik Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Kuwari

R. Ng. Yasadipura I

Direktorat
Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

PPS/Jw/17/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK KUWARI

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih aksara dan alih bahasa
SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1145
Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

1. Raden Samsir kajunjung ratu ing Kandhabumi	15
2. Nagari Kandhabuwana kadhatengan parangmuka saking Kuwari	18
3. Patih Bestak utusan mantri kakalih dhateng Kuwa- ri	26
4. Prabu Nusirwan tindak dhateng Kuwari	33
5. Retna Kisbandi dipunweca badhe dados garwanipun Wong Agung	46
6. Prabu Nusirwan dumugi dhateng Kuwari dipun sub- ya-subya	54
7. Dhatuk Samiril dipun kunjara	59
8. Wong Agung nglurug dhateng Kuwari	66
9. Asrining lampahipun Wong Agung	77
10. Wadya Kuparman campuh kaliyan Wadya Kuwari	81
11. Prabu Kemar, nata ing Kuwari, mangsah prang	90
12. Prabu Kemar prang kaliyan Prabu Tamtanus	99
13. Putri Cina supena kepanggih Wong Agung	113
14. Putri Cina gandrung asmara dhateng Wong Agung	123

KATA PENDAHULUAN

Buku seri Menak yang berjudul Menak Kuwari ini menceritakan peperangan antara negara Kuparman, negara Sang Agung Jayengrana, dan negara Kuwari yang rajanya bernama Raja Kemar.

Cerita dimulai dengan dinobatkannya Raja Samsir sebagai raja di negara Kandabumi. Penobatan dilakukan di negara Kuparman. Raja Samsir adalah seorang raja yang masih muda, tetapi justru karena masih muda usia itu, semangatnya berkobar-kobar dan ingin sekali memperlihatkan pengabdian serta darma baktinya kepada Sang Menak Jayengrana.

Baru saja penobatan Raja Samsir selesai dilakukan, telah terdapat berita bahwa kerajaan Kandabumi diserbu oleh gerombolan-gerombolan perampok. Para perampok itu datangya dari negara Kuwari yang rajanya merasa tidak rela, negara Kuwari kini dikuasi oleh negara Kuparman.

Para raja utama di Kuparman bersepakat bahwa Raja Samsir yang baru saja dinobatkan, kini tiba saatnya untuk melindungi negaranya dan sekaligus memperlihatkan darma baktinya terhadap Kuparman. Namun karena masih muda usianya serta belum banyak pengalamannya, dan lagi mengingat Raja Kemar itu seorang raja yang perkasa dan gagah berani, maka dari Kuparman disusulkan juga beberapa raja beserta wadya balanya untuk membantu Raja Samsir, bila diperlukan bala bantuan.

Sementara itu wadya bala Raja Samsir berhasil menumpas para perampok dari negara Kuwari tersebut. Mendengar berita itu, raja Kuwari sangat marah dan memerintahkan patihnya yang bernama Patih Ambar, untuk menggempur wadya bala Kandabumi. Pertempuran dahsyat terjadi dan pasukan Kandabumi yang terdepan terdesak menjadi porak poranda. Segera Raja Samsir memerintahkan wadya balanya untuk mengepung pasukan Patih Ambar.

Kini cerita beralih ke negara Medayin. Patih Bestak telah lama mengirimkan utusan sandinya ke Kuwari dan mendapat

berita bahwa ada seorang nujum yang meramalkan bahwa wahyu Sang Agung Menak telah hilang dan akan beralih kepada Raja Kemar di negara Kuwari. Karena itu Patih Bestak membujuk rajanya, Sang Prabu Nusyirwan, untuk minta bantuan kepada Raja Kemar dalam usahanya memusnahkan Sang Agung Menak. Raja Nusyirwan terbuju dan memutuskan untuk berangkat sendiri ke negara Kuwari.

Di negara Kuwari Sang Raja Nusyirwan diterima dengan segala kehormatan oleh Raja Kemar yang menjanjikan akan memusnahkan Sang Agung Menak Jayengrana, karena menurut ramalan nujum memang telah hampir tiba saatnya wahyu Sang Agung Menak itu akan berakhir dan berpindah kepada Raja Kemar.

Di negara Kuwari sendiri, kedua saudara Sang Raja Kemar merasa sangat khawatir atas keinginan saudaranya akan melawan Sang Agung Menak, hanya berdasarkan ramalan seorang nujum pendatang belaka. Mereka berdua menghadap Ibu Surinya, yang juga ibu Sang Raja Kemar, dan kedua pangeran tersebut menjelaskan persoalannya.

Dipanggillah nujum tadi untuk menghadap, juga tak kurang dari sepuluh orang nujum dari negara-negara lain dipanggil untuk hadir. Terbukti bahwa semua nujum dari negara-negara lain itu sependapat bahwa kekuasaan dan keperwiraan Sang Agung Menak belum akan pudar bahkan masih akan menanjak terus. Dan nujum yang bernama Samiril itu lalu ditangkap dan dimasukkan ke dalam penjara. Sementara itu Sang Ibu Suri memberitahukan halnya kepada Sang Raja yang kemudian menginsafi kekhilafannya. Namun karena rasa malu akan janjinya terhadap Sang Raja Nusyirwan, ia mohon izin kepada Ibu Surinya untuk melanjutkan perangnya, tetapi berpesan juga kepada adiknya, Sang Putri Kisbandi, andaikata ia kalah perang, adiknya diminta untuk menyelamatkan negaranya.

Sementara itu wadya bala Raja Samsir yang mengepung barisan Patih Ambar, telah terlibat dalam pertempuran. Sebagian bala bantuan dari Kuparman telah tiba, dan secara tergabung, mereka telah mengalahkan pasukan depan negara Kuwari. Mende-

ngar berita itu Sang Raja Kemar bukan kepalang amarahnya. Ia memutuskan untuk keluar sendiri ke medan perang dan memerintahkan seluruh wadya balanya untuk maju perang menggempur barisan Kuparman.

Di dalam pertempuran yang terjadi, walaupun tidak dikalahkan, atas nasihat para raja Kuparman yang membantu Raja Samsir, Sang Raja Kandabumi memerintahkan utusan untuk membawa surat ke Kuparman dan memberikan laporan mengenai peperangan antara Kuwari dan Kandabumi.

Setelah membaca surat Raja Samsir yang melaporkan keadaan peperangan Kandabumi-Kuwari itu, Sang Agung Menak Jayengrana memutuskan untuk berangkat ke Kuwari beserta semua para raja dan wadya balanya. Hanya sedikit yang ditinggalkan di Kuparman untuk menjaga permaisuri yang bernama Marpinjun, putri sang Raja Nusyirwan. Sang Putri baru saja melahirkan seorang putra yang oleh ayahnya, Sang Agung Menak, diberi nama Raden Rustamaji.

Walaupun Sang Putri itu adalah putri Sang Prabu Nusyirwan pribadi, ia pun menyadari bahwa tingkah laku ayahnya yang selalu minta bantuan ke mana-mana untuk menewaskan Sang Agung Menak, itu merupakan perbuatan yang tersesat, rendah, dan Sang Putri rela suaminya berangkat perang ke Kuwari yang dimintai bantuan oleh ayahnya. Dan berangkatlah Sang Agung Menak dengan para raja serta wadya balanya ke negara Kuwari.

Di medan perang sendiri Sang Prabu Kemar, raja Kuwari, telah keluar ke medan laga dan ditandingi oleh Raja Yusupadi. Perang tanding antara kedua raja itu berlangsung sangat ramainya. Mereka saling menggada, saling memedang, namun hingga matahari terbenam belum ada yang kalah maupun menang.

Sang Agung Menak yang sementara itu dalam perjalanan beserta para raja dan wadya balanya, minta ikut serta pula dua orang permaisurinya yang bernama Sang Dewi Sudarawreti dari Parangakik dan Sang Dewi Sirtupelaheli dari negara Karsinah. Kedua permaisuri tersebut adalah putri yang perwira sakti dan ikut terus bergerak maju ke negara Kuwari.

Di tengah jalan, di tempat yang bagus, mereka menemukan

pesanggrahan yang indah sekali bangunan, letak, maupun alam di sekelilingnya. Pesanggrahan itu milik Raja Kemar, namun belum sampai sempat ditempati, terjadilah permusuhan dengan Kandabumi.

Sang Agung Menak sementara masih ingin tinggal di pesanggrahan tersebut bersama kedua permaisurinya, dan minta kepada Sang Prabu Tamtanus, raja Yunani, untuk terus ke Kuwari dan kalau perlu melawan Sang Raja Kemar.

Setiba di pesanggrahan prajurit Kandabumi dan Kuparman, Sang Raja Tamtanus minta agar dialah yang akan menandingi Raja Kemar keesokan harinya, jangan Raja Yusupadi lagi. Usul diterima dan keesokan harinya berhadapanlah kedua prajurit sakti itu. Perang tanding berlangsung hebat, namun gajah Prabu Kemar hancur terkena gada Raja Tamtanus. Sang Raja menyuruh Raja Kemar minta gajah lagi. Gajah yang kedua pun hancur terpukul gada Raja Tamtanus. Raja Kemar terpental, Raja Tamtanus mendekat dan menyuruh punggawanya mengambil perisai dan gada, dan diberikanlah alat-alat perang tersebut kepada Raja Kemar untuk dapat melanjutkan perlawanannya.

Terkesan akan perbuatan luhur secara kesatria di pihak lawannya itu, Sang Raja Kemar minta agar perang tanding antara mereka itu ditangguhkan, karena ia merasa sangat lelah. Permintaan dikabulkan dan mundurlah kedua raja yang sedang berperang itu.

Ditanya para raja Kuparman mengapa Tamtanus tidak segera membinasakan musuhnya yang sudah kalah perang, Sang Raja menjawab, itu karena ia ingin bertindak sebagai satria yang berbudi luhur. Siapa tahu, Raja Kemar itu kemudian dapat menjadi sahabat baik dan setia kepada negara Kuparman.

Kini cerita beralih ke negara Cina dengan rajanya Sang Prabu Ong Te Te. Sang Raja mempunyai dua orang putri, Dewi Adaninggar yang telah dewasa dan adiknya, yaitu Dewi Widaninggar. Negara Cina itu sangat luas, kaya raya, dan rajanya pun selalu baik terhadap rakyatnya. Mereka menyembah dan memuja nyala api yang dinyalakan oleh para punggawa dengan kayu dan minyak dan tak boleh surut nyalanya, apa lagi padam.

Pada suatu malam Sang Dewi Adaninggar mimpi bertemu dan menjadi istri Sang Agung Menak yang kemasyhuran kesaktiannya juga sudah sampai di negara Cina. Mimpi Sang Dewi Adaninggar itu sedemikian jelasnya, hingga ketika hal-hal yang terlihat dalam mimpi itu dicek dengan saudagar yang baru saja kembali berdagang dari Kuparman, semuanya memang tepat demikian.

Hingga di sini yang diceritakan dalam buku Menak Kuwari, dan cerita Menak ini akan disambung dalam buku seri berjudul Menak Cina.

1. RADEN SAMSIR KAJUNJUNG DADOS RATU ING KANDHABUMI

GAMBUH

1. Wong agung kalih nuju
ingandikan mring Sang Jayengsatru
iya saking pamiting garwa myang siwi
wong agung kalih puniku
ingkang prasasat nunggil roh.
2. Wusnya mit sigra mabur
sampun musna saking ngarsanipun
sawadyane wus samya napak wiyati
akathah titilaripun
beyane kang putra karo.
3. Lan sabusananipun
ing sakapraboning aprang pupuh
wasiyate Ni Dewi Ismayawati
lan toya gege karya dus
enggala kalawon-lawon.
4. Pinatah embanipun
Arya Parangteja kang tinantun
sira Raden Jayusman ingkang ngembani
Sadat Kadarismanipun
rajeng Ngabesi kinaot.
5. Raden Ruslan mbanipun
apan sang rajeng Kangkan tinuduh
kang taruna raja Kenahan prajurit
ing ingandel kalihipun
ratu prakosa nom-anom.
6. Mangkana kang wus tamtu
Sang Jayengmurti ing manahipun
ngela-ela mring garwa Ismayawati

ginunggung weh penedipun
lair batine ambobot.

7. Wau ing lampahipun
Ismayawati Kutha Mas rawuh
ing kadhaton nawa retina wus apanggih
lawan kang rama Sang Prabu
ngabekti umatur alon.
8. Ngaturken bektinipun
putra Sri Kalana Jayengpupuh
aturipun miwiti malah mekasi
kang rama suka kalangkung
geng sih mring Jayengpalugon.
9. Kuneng malih winuwus
nagri Kuparman ingkang cinatur
Jayengmurti enjang duk mijil tinangkal
aglar ingkang punggawa gung
satriya lan para katong.
10. Ngandika lon Wong Agung
heh ta yayi mas Parangtejaku
sasaosanira rajeng Kandhabumi
yayi sapa aranipun
nuli adegena katong.
11. Arya Maktal wotsantun
apan ta prenatal nak-sanakipun
lawan ari paduka pun Banawati
Raden Samsir namanipun
gung aluhur prakosa nom.
12. Angandika Wong Agung
lah iya yayi adegna ratu
amengkua nagari ing Kandhabumi
dene ta ubektinipun
amunga dadi panandhon.

13. Anugurena jagul
lawan para mantri satus-satus.
panandhone garwanira Banawati
Arya Maktal nembah matur
prakawis nggenipun lunggoh.
14. Yen pasamuhan agung
sang Jayengmurti andikanipun
iya yayi maksih anunggal para ji
amung bulu bektinipun
iku kang liru panandhon.
15. Wusnya mangkana sampun
Raden Samsir ingadegken ratu
kasrah kabeh punggawa ing Kandhabumi
pra mantri tuwin wadya gung
ingestren adegnya katong.
16. Mupakat para ratu
sang Raja Samsir ingkang amengku
satabone nagari ing Kandhabumi
Prabu Samsir ratunipun
gagah prakosa tur anom.

2. NAGARI KANDHABUWANA KADHATENGAN PARANGMUKA SAKING KUWARI

SINOM

1. Wong Agung kondur ngadhatyan
bubar sagung kang anangkil
wong agung ing Parangteja
ngandikan marang jro puri
lawan Umarmayeki
wus tata pra samya lungguh
putra kalih ngandikan
Raden Jayusman lan ari
Raden Ruslan sampun umur pitung warsa.
2. Sapraptanireng ngayunan
Raden Jayusman nulya glis
mundhut pangku mring kang paman
wong agung Parangtejaki
Raden Ruslan marani
mring kang uwa Marmayeku
pinangku sowang-sowang
arya Maktal angarasi
sarwi mangku ing putra Raden Jayusman.
3. Raden Ruslan ingarasan
mring kang uwa Marmayeki
sami pekike kalihnya
lan amawa derajati
nagri Kuparman mangkin
saya wuwuh arjanipun
nagari kering kanan
wong cilik kathah kang asih
ewon-ewon karasan wismeng Kuparman.
4. Cinatur wong seket yuta
sawontene raden kalih
undhake nagri Kuparman

arjanipun anglangkungi
mangkana Jayengmurti
pangandikanira arum
yayi mas Parangteja
apa wartane ing njawi
nambah matur satriya ing Parangteja.

5. Pukulun ingkang tur piksa
punggawa ing Kandhabumi
yen jajahane binahak
padhusunan kang paminggir
dening bala Kuwari
sapunggawa lampahipun
Tumenggung Endrabaya
wonten dadamel sakethi
kang mbabahak paminggir Kandhabuwana.
6. Dene kang darbe parentah
inggih sang rajeng Kuwari
ratu prakosa ngayuda
digdaya pilih tumandhing
bisikaning narpati
sang Raja Kemar dibya nung
pan sangang puluh egas
mila parentah mbahaki
sanget sengit ing para ratu kang tiwas.
7. Ing nguni panglurugira
sira Prabu Banakamsi
angaturi Raja Kemar
inggih sagah ambantoni
kaselak Banakamsi
tiwas pejah ing prang pupuh
mila mangke denangkah
nagari ing Kandhabumi
eman-eman pinarentah wong Kuparman.
8. Wong Agung alon ngandika

kayaparan iku yayi
becike parentahana
iya ta si Raja Samsir
narpati Kandhabumi
ngulihna punggawanipun
apa becike uga
Samsir muliha pribadi
matur nembah wong agung ing Parangteja.

9. Lamun amunga punggawa
manawi amindho kardi
sikarane Raja Kemar
inggih satemah nekani
kalamun anggagampil
ing prakawis cacad agung
sumambung Umarmaya
pened mantuka pribadi
nadhahana sikarane Raja Kemar.
10. Wong Agung alon ngandika
yayi ulihna pribadi
si Samsir sabala kuswa
Maktal sandika wotsari
lan Umarmaya mijil
kondur marang dalemipun
lajeng denya parentah
mring sang rajeng Kandhabumi
yayi prabu muliha sabalanira.
11. Nagarinira denbahak
marang sang rajeng Kuwari
si Raja Kemar prawira
deladag prakoseng jurit
apa ta sira wani
anadhahi krodhanipun
ratu wudhu ing aprang
tur sembah sang Raja Samsir
mugi-mugi antuka barkah paduka.

12. Lawan inggih kang sapangat
rakanta Jeng Gusti Amir
inggih awarnia sasra
pun Raja Kemar Kuwari
kawula datan miris
amijilna saking tutuk
danawa sewu leksa
pun Kemar amba tan miris
Retna Dewi Banawati nambung sabda.
13. Yayi aja sira lancang
karsane rakanireki
Pangeran ing Parangteja
lamun sira denbantoni
aja wangkot sireki
Samsir mbekuh dhuh mbok ayu
lamun raka paduka
inggih nunten ambantoni
tiwas temen kawula dinamel raja.
14. Amung menggah Raja Kemar
kadi ta boten udani
salunture kina-kina
bobote nagri Kuwari
duk apa amapaki
lan raka Paduka Prabu
kala kang mbok paduka
rumiyin dipunraosi
amisesa sedyane pun Raja Kemar.
15. Lajeng denantepi nantang
ing raka Sri Banakamsi
parandene nuli mendha
ing karsane tan dumugi
mangke arsa ngayoni
kininten tan wonten kantun
trahing Kandhabuwana

baya mamak tan udani
lamun Samsir kang ingadegken narendra.

16. Destun ingsun kudang-kudang
manggiha karya tumuli
punapa kang winalesna
mring raka paduka kalih
kawula denuripi
tur ingadegaken ratu
gingganga ing ngayuda
sanyari dudu wong becik
baya-baya dudu trah Kandhabuwana.
17. Jarahbanun nambung sabda
sarwi nglirik Banawati
yayi Dewi aja nyegah
wong anom yen duwe kapti
apan iku kadugi
iya bener Yayi Prabu
bobote wong ngawula
siku yen miliha tandhing
kang utama antuka tandhing sumengka.
18. Retna Banawati nembah
apan sarwi maleroki
kakang mbok kadange lancang
mundur teka denuungi
manawi tan sayekti
nauri Sajarahbanun
lah iku sapa wruha
apes ungguling ajurit
ki parentah iya kang duwe darajat.
19. Pan bubuhaning kawula
pan amung paitan wani
Raja Samsir duk miyarsa
ngakak sarwi ngentrog wentis

lah ingsun denideni
mring kang mbok Sajarahbanun
gumyak ingkang miyarsa
malerok Dyah Banawati
pan ginablog kang raka Retna Sajarah.

20. Kakang mbok si basakena
wong meloto denubungi
kadange mbedhat mbelasar
mundur teka denpaiti
saguning kang miyarsi
sangsaya suka gumuyu
wong agung Parangteja
pangandikanira aris
iya yayi budhala sabalanira.
21. Ingsun anyangoni emas
iya yayi pitung dhacin
prajanira mentas rusak
gawenen beyaning dasih
yen si Kemar nekani
denprayitna ing prang pupuh
aja kumelar sira
den age atur upaksi
ingsun dhewe yayi Prabu kang tumandang.
22. Sandika majeng tur sembah
Sang Prabu ing Kandhabumi
mundur saking ngarsanira
budhal sawadyanireki
watara sangang kethi
kathah wadyane kang kantun
kerigan dereng prapta
kapethuk samargi-margi
andaledeg prajurit Kandhabuwana.
23. Datan kawarna ing marga
lampahe sang Raja Samsir

wus ngancik siringing praja
prajurit kathah kang prapti
Sang Prabu datan apti
kondura mring prajanipun
lajeng mring pabarisan
wus umadeg pacak baris
aken nggitik mring Tumenggung Endrabaya.

24. Kang tinuduh Arya Bahan
punggawa andeling jurit
sigra wau lampahira
ambekta bala rong kethi
prapteng dhusun Sendhari
celak lawan nggening mungsuh
Tumenggung Endrabaya
pan sampun miyarsa warti
yen linarag kang lumampah Arya Bahan.
25. Sigra tengara magut prang
kumrab baris ing Kuwari
Arya Bahan nonjok surat
heh punggawa ing Kuwari
apa lakunireki
parentah teka rajamu
ngancik nagara liya
tambung laku wong Kuwari
angakua gawemu ingkang anduta.
26. Ki Tumenggung Endrabaya
ngangsuli surate prapti
heh sira iku ta paran
nambuh marang laku mami
marmane ingsun prapti
parentahe ratuningsun
kang kinen mbabahaka
ing jajahan Kandhabumi
iya dene ratumu anglurug tiwas.

27. Mati aneng pabaratan
mulane ing Kandhabumi
kaduwe mring ratuningwang
apa gawemu praduli
Arya Bahan miyarsi
lajeng budhalira magut
tempuhira met papan
Arya Bahan nunjang wani
amrih popor ruket rok nempuh asmara.

3. PATIH BESTAK UTUSAN MANTRI KAKALIH DHATENG KUWARI

ASMARADANA

1. Rame rok ingkang ajurit
popor pur kathah palastra
Endrabaya wus kapocot
kacandhak mring Arya Bahan
balane tutumpesan
wadya Kuwari maledug
binereg rinoban ing prang.
2. Kang kacandhak denuripi
banjur kang nora kacandhak
kadurus prapteng prajane
katur mring sang Rajeng Kemar
lamun balane rusak
punggawanira kapupu
kang marang Kandhabuwana.
3. Bramantyanira tan sipi
ing Kuwari Raja Kemar
kang tinuduh papatihe
umatur Kya Patih Ambar
pukulun maharaja
manawi wonten babantu
saking nagari Kuparman.
4. Pan nagari Kandhabumi
ing mangkya tumut Kuparman
Arya Maktal kang angrengkoh
kadange sang Kakuningrat
kang kukutha Kuparman
Jayengmurti wijilipun
putraning Dipati Mekah.
5. Pan nedya amurbeng bumi

mila ngadhaton Kuparman
Wong Agung Jayengpalugon
tan arsa umadeg nata
nanging sampun sinembah
dening sagung para ratu
sewu ratune wadana.

6. Dening ratuning pamingking
langkung saking tigang leksha
Surayengiagad wadose
keter kabeh Tanah Arab
sumuyud tur suwita
miwah Tanah Ajam anut
sagung para raja-raja.
7. Tan wonten suwaleng kapti
lair batine ambapa
mila kadi samodra rob
balane tanpa wilangan
kukutha ing Kuparman
sakalangkung arjanipun
malah meh saparoning rat.
8. Ngandika rajeng Kuwari
Patih Ambar wruhanira
iya iku kang sunangkoh
dimene sangsaya ngrebda
ala si pinaranan
leledheken dimen rawuh
kang ngadhaton ing Kuparman.
9. Pinasthi yen ingsun benjing
tandhinge si Kakangingrat
mati aneng astaningong
nujumingsun wus tetela
yen ingsun bakal tanpa
pirang praja padha ambruk
seba mring Kuwari mbenjang.

10. **Salawase nglalanangi**
andadra durung parengnya
iya ing aprang tandhinge
apan wus kalebu weca
mati neng astaningwang
mara takona si nujum
yen sira kurang pracaya.
11. **Patih Ambar matur aris**
lamun makaten Sang Nata
kawula estu angrontok
nagari Kandhabuwana
Raja Kemar ngandika
iya lumakuwa gupuh
angremek Kandhabuwana.
12. **Den akeh nggawa prajurit**
aja niniwasi lampah
kaya kang uwis kalakon
nembah Kyana Patih Ambar
mundur saking ngayunan
prapteng jawi tengara wus
budhal sawadya punggawa.
13. **Kawandasa kang piniji**
kang sami bala nyaleksa
kang gagah prawira tanggon
kang wus tate ngadoni prang
prawira mandra guna
saking bumintara kasub
sudibya Kya Patih Ambar.
14. **Gumuruh swaraning baris**
medal marang jawi kitha
lepas sawadya kuswane
ing marga datan winarna
lamine alalampah
wus prapta jajahanipun

nagari Kandhabuwana.

15. Makuwon apacak baris
Arya Bahan wus miyarsa
lajeng anglanggar yudane
aramé patempuhing prang
Patih Ambar bramantya
angerobi yudanipun
kasreg wong Kandhabuwana.
16. Kalimput sampun katitih
Arya Bahan wus kacandhak
denpupurak kuwandane
mawur wong Kandhabuwana
akathah ingkang pejah
kancikan pakuwonipun
rusak wong Kandhabuwana.
17. Patih Ambar abibiting
alalaren ajajagang
mangkana katur Sang Katong
sang Raja Samsir miyarsa
tiwase Arya Bahan
bramantyanira kalangkung
budhal majeng barisira.
18. Angepung pakuwoneki
ing Kuwari Patih Ambar
kokojoor pan sampun angel
kuneng kang ayun-ayunan
gantya kang winursita
Patih Bestak ing Medayun
carakanira andhustha.
19. Alami aneng Kuwari
mantri kakalih dinuta
anyaleksa pasangone
paringane Patih Bestak

lampahira anukma
makuwon wismaning nujum
ujumira Raja Kemar.

20. Anama Dhatuk Samiril
waspada durung winartan
nanging ta ujume kere
yen mungguhing Tanah Arab
saking gunge pandhita
prandene Kuwari punjul
saking laranging pandhita.
21. Apan sampun pitung sasi
aneng Kuwari nagara
Ki Patih Bestak dutane
mateng denya pawong mitra
lawan nujume Kemar
Samiril angaku sunu
mring dutane Patih Bestak.
22. Kasengsem pituturneki
kalamun ujaring weca
Wong Menak pasthi rusake
mati neng astane Kemar
yekti tan kena owah
wus kalebu jangjinipun
ujum kang sampun tetela.
23. Mangkana tinundhung mulih
carakane Patih Bestak
kinen matur ing gustine
lamun nora enggal prapta
mbesuk pan nora uman
wawarisan para ratu
kang saking nagri Kuparman.
24. Wus mesat saking Kuwari
dutanira Patih Bestak

sarwi binekta surate
Dhatuk Samiril mring Bestak
neng marga gelacutan
kuneng laminireng ngenu
prapteng Medayin negara.

25. Dumrojog marek Kya Patih
kagyat sira Patih Bestak
umiyat prapta dutane
nembah ngaturaken surat
tinampan sinukmeng tyas
kadirya surasanipun
rinangkul carakanira.
26. Tembunge kalangkung manis
heh, anak Kya Patih Bestak
pun bapa pemut yektine
matura ing ratunira
tetep ujaring jangka
wus kaweca kang satuhu
rusake nagri Kubarman.
27. Pauthi ambyuk mring Kuwari
kabeh jajahan Kubarman
sang Raja Kemar pauthine
kang tampi ingering jagad
ing raga mangsa teka
yen tan enggala Sang Prabu
prapta keneng aturira.
28. Sayektine anak patih
nora uman ing panduman
lamun tumuli praptane
pauthine milu kuwasa
andum ampas wong Arab
dhasar Sang Nateng Medayun
lamine kang duwe ana.

29. Sayekti rajeng Kuwari
weruh anome tan arsa
angluwihana pandume
pasthi yen cadhong kewala
ing karsa Sri Nusirwan
amung ta pakewhipun
mungkasi sang Raja Kemar.
30. Pan kalebu weca pasthi
kang ngrusak si Kakuningrat
wela-wela ing kitabe
yen patine saking Kemar
mangkana Patih Bestak
angguguk amanthuk-manthuk
sarwi megol-megol jangga.
31. Ambelik-belik nyakikik
amijet lambunge kiwa
meyog minger la-ulane
malembung akajuwetan
mucicil latah-latah
tanpa rowang lengguk-lengguk
ngiler mulur guladrawa.

4. PRABU NUSIRWAN TINDAK DHATENG KUWARI

DHANDHANGGULA

1. Ura-ura Rekyana Apatih
dhingdhang-dhingdhing sapa kang anyandhang
leganing gondhang gandhinge
gelandhangan nggalundhung
dhemes memes wong Puserbumi
nanti marpukul pantan
sajebug endhasmu
ginintir mring Raja Kemar
baya durung ngrungu wartane si anjing
lamun kalebu weca.
2. Tumpes aneng nagari Kuwari
budheg jampeng padha tinutupan
kupinge ing lumpang kentheng
dhuh kulup babo kulup
nora ngimpi yen bakal mati
mendah baya ngrungua
lamun kitabipun
nujum sira tutumpesan
baya nuli anungkul sangkaning aris
lumaku inguripan
3. Atuturon Rekana Apatih
buwang bajo mung kari sawulan
lomah-lameh turon wedhen
ambetho bantal kangkung
tambuh nggone sukanireki
angalih kakadhalan
marang ngisor sentul
latah sarwi lumah-lumah
tan asuwe angalih ngisor kuweni
apan mung sapanginang.
4. Nulya ngalih aneng soring wuni

sapanginang ngalih sor dalima
nulya ngalih soring pakel
tan suwe ngalihipun
pinggir sumur ngisor balimbing
malumah ngathang-athang
ngalih ngisor dhuku
nulya ngalih pinggir jamban
tan asuwe pinggir gedhogan angalih
mring kebon patamanan.

5. Mundhut dhahar anadhah Ki Patih
munggeng soring kang naga puspita
animbali carakane
ingkang mentas denutus
nenggih saking nagri Kuwari
ingajak nunggil dhahar
pan anggung dinangu
sasolah-solahe kala
angladi marang Ki Dhatuk Samiril
ingaturken sadaya.
6. Wus mangkana dalu tan winarni
enjang Sang Prabu miyos sineba
aglar punggawanira ndher
tuwin kang para ratu
Patih Bestak neng ngarsa linggih
surat saking nagara
Kuwari kinandhut
Prabu Nusirwan ngandika
pan andangu lamine denira panggih
kang putra sang lir retina.
7. Matur nembah Rekyana Apatih
apan sampun pitung warsa mangkya
dereng puputra ing mangke
kang sampun asusunu
nenggih putra ing Parangakik

lawan putri Karsinah
sanya miyos jalu
putrane Retna Sudara
akakasih Raden Jayusman apekik
dene putra Karsinah.

8. Raden Ruslan paparabe pekik
mila mangke jeng angger punika
tegesipun boten kangge
mung karem garwanipun
ing Karsinah lan Parangakik
langkung denya memelas
jeng angger Marpinjul
lan malih wonten lurugan
wong Kuparman abantu mring Kandhabumi
agung tumpes kewala.
9. Pan amengsah Sang rajeng Kuwari
Raja Kemar prawira digdaya
sangang puluh gas dedega
sakawan punjulipun
pilih tandhing lamun ajurit
ratu waspadeng karya
jagad ingeripun
asor unggul ing ngayuda
wus karuhan ratu waged iladuni
sembada sugih bala.
10. Ujum tulen Ki Dhatuk Samiril
wus ingebas ing jagad wiryawan
saking Rapli kamulane
mila wonten ing ngriku
angemongi rajeng Kuwari
saking wus kauningan
Ambyah patinipun
tumpes saking Raja Kemar
mila inggih ngembani rajeng Kuwari

de wus padhang tetela.

11. Apesing Ambyah unggul kang tampi
Raja Kemar tan samar kumlamar
cup endhal-endhul patine
ki patih sarya mundhut
kang kinandhut suratireki
Dhatuk Samiril sigra
katur ing Sang Prabu
cingak sadaya kang mulat
dening patih angaturken surat aib
saking ing kakandhutan.
12. Duk winaca surate Samiril
ya ta Sang Prabu ngungun tan mojar
pan anglenggar sadangune
ngandikeng para ratu
kayaparan mangkene iki
satriya myang punggawa
raja sadaya wus
winangsit mring patih Bestak
samangsane tinaria mring Sang Aji
gumulung aturira.
13. Nembah sang Raja Tamtam Kuwari
Raja Ubinah Raja Bubarwan
kadi sayekti petange
lami pun Jayengsatru
nglalanangi tan antuk tandhing
mangkya ingering jagad
gantya tampinipun
minger dhateng Raja Kemar
mila ndaweg samangke gantosa waris
luhung nunten tedhaka.
14. Inggih dhateng nagari Kuwari
mbok manawi kantun ing panduman
para ratu cece buce

pan tuwan pinisepuh
para ratu ageng pribadi
tur kangelan piyambak
ingkang badhe dinum
paduka kang darbe purwa
meh wekasan teka nunten tan udani
kalangkung saking tiwas.

15. Pan gumulung aturing para ji
pra dipati satriya punggawa
tan ana malang ing pangreh
langkung wagugenipun
nora antuk pitaren siji
wau kang tinimbangan
wreda Betaljemur
prapta Sang Nata ngandika
heh ta bapa apa na ingering bumi
jaman wolak-walikan.
16. Enuring rat mugareni bumi
kang atampa mengko Raja Kemar
unggul ing rat Mekah seleh
Kuwari katiban nur
yekti pilih tandhing ajurit
apa mangkono bapa
kitabe kang nujum
ing mengko wus apratandha
Raja Kemar prawira nganeh-anehi
Betaljemur turira.
17. Lah ta inggih manawi-manawi
saking kathah-kathahe kang kitab
kang mikir nujum ramale
kalamun kitab ulun
kadi dereng amatengahi
darajat kaluhuran
ing prang Jayengsatru

bobote sang Rajeng Kemar
maksih awrat narpati Kaos nagari
tuwin rajeng Kuristam.

18. Ewa samanten sumanggeng kapti
lamun ndhahar ing kitab kawula
mentah tangen mengeh-meneh
Raja Kemar puniku
binobota tandhing ngajurit
aja si Kakungingrat
nadhahi prangipun
si Maktal bae peragat
maksih awrat narpati ing Kandhabumi
sampun dening pun Maktal.
19. Wa makoten inggih boten keni
mangsa borong ing manah paduka
dhateng ing pundi wawrate
Patih Bestak sumambung
ubyug sagung para narpati
punika rama tuwan
nyarah aturipun
seleh saking gunging kitab
mbokmanawi ramalipun angleresi
tampine Raja Kemar.
20. Judheg tyasira Sri Narapati
temah anut aturing ngakathah
aken ngundhangi balane
suka kang para ratu
myang satriya punggawa mantri
Sang Nata wus katuran
tan kawarneng dalu
enjang kang bala samekta
Sri Bathara wus budhal saking Medayin
gumuruh gunging bala.
21. Lalancangan kang para narpati

sukan-sukan ing samarga-marga
samyā mesthi ing batine
yēn Raja Kemar unggul
kuneng Prabu Anyakrawati
Kuwari winursita
Ki Samiril nujum
matur marang Raja Kèmar
heh Sang Prabu badhe tamiyan narpati
agung tur binathara.

22. Inggih rama paduka Medayin
kadi-kadi ing mangke meh prapta
Raja Kemar andikane
apa ta bapa nujum
aturira iku sayekti
tan tutug angandika
wong tampingan rawuh
tur sembah mantri tampingan
gusti wonten dadamel saking Medayin
panganjure duk prapta.
23. Tepis wiring nagari Kuwari
pan kerigan satriya punggawa
ngguguk angentrog wentise
si bapa nujum tuhu
durung mingkem nulya na prapti
lah payo undhangana
sagung balaningsun
ngong mapag njabaning kutha
sigra undhang busekan nagri Kuwari
samekta bala kuswa.
24. Budhal saking jro kitha bala tri
sang Raja Kemar munggeng matengga
ginarebeg punggawane
ana punggawa sepuh
ing Kuwari Arya Bardini
lawan Arya Malebah .

sadhereking ibu
ing Kuwari Raja Kemar
tengga pura kalihe samya prihatin.
Bardini lan Malebah.

25. Ibunira sang rajeng Kuwari
apan maksih langkung sepuhira
dereng pikun maksih bangset
arya kalih tumundhuk
maring raka Sang Prameswari
anenggih sang Duwimbar
nguni parabipun
alon denira ngandika
yayi kalih Arya Malebah Bardini
dingaren ana karya.
26. Sira kari kinen tengga puri
nora milu marang sutanira
Kaki Prabu pamapage
sapa ta kang pinethuk
matur nembah sang arya kalih
inggih Prabu Nusirwan
ing kang badhe rawuh
ing Medayin binathara
praptanipun saking pun Dhatuk Samiril
inggih kang darbe gelar.
27. Boten wande punika ing mbenjing
mengsah lawan Wong Agung Kuparman
pun Samiril panggawene
saged ulah babangus
molahaken retuning bumi
gawene agegelar
nora bisa nggulung
inggih watawis kawula
pun Samiril ngumbara saking ing Rapli
tumulut nginger nagara.

28. Prameswari angandika aris
yayi karo apa sutanira
nora tari ing dheweke
sabener-beneripun
nora kena tinggal sireki
sabarang ingkang karsa
sutanta ki Prabu
jer sira kang kuwajiban
pamanane pantes karone ngawaki
jer si milu kelangan.
29. Arya kalih Malebah Bardini
pindho damel lamun tinaria
tinaria sayiktine
boten saged anggunggung
milanipun boten tinari
pun Samiril turira
apan atur gunggung
kawula boten kaduga
ngapesena dhateng Kuparman nagari
Wong Agung Kakungingrat.
30. Wus tetela trahing para Nabi
mangkya jumeneng Surayengjagad
sayekti pilih bobote
wahyu turun-tumurun
wong tuwane mamangun maksih
lan sampun takdiring Hyang
sinung wahyu agung
labete sampun akathah
datan wonten para ratu sura sekti
sor ing prang temah nembah.
31. Lawan pinet mantu ing ratu jin
tur patutan sampun madeg nata
angreh ratuning jin kabeh
mila kang para ratu

**samya nembah ing Jayengmurti
denira tan kaduga
paekaning pupuh
ing agal alit prawira
ajur-ajer tan antuk dinugeng jurit
suyud reh jagad raya.**

32. **Inggih sinten ingkang animbangi
karatone Lamdahur ing Selan
lawan sinten timbangane
gunging wadya pra ratu
kadi nateng Kaos nagari
myang Sadat Kabul Ngumar
ing Ngabesi prabu
tigang ewu bala raja
parandene tan mantra-mantra ngudhili
prang lan si Kakungingrat.**
33. **Damel kitha Kupaerman andadi
bata sarimbag rakiting kitha
nembelas dina ujure
alange wolung dalu
bentet|atap jejel apipit
kadhaton para raja
tan kena denetung
ndadak ing ngriki puruna
pinten gunge bala raja ing Kuwari
kumethak angelathak.**
34. **Destun kumaki kalengki-lengki
malang-malang tan wurung kapalang
mathethe bakal kaponthe
lengguh bakal kalebuk
kudu mungsuh Surayengbumi
agung nagri Kupaerman
sugih bala ratu
tur sami ratu prakosa**

ing Kuwari miskin bala miskin sekti
sakethi tanpa ngrasa.

35. Sewu mamak berung tanpa budi
Prameswari alon wuwusira
adhuh lae iya lae
paran wekasanipun
lalakone nagri Kuwari
dhuh yayi bener sira
karo pikir iku
Ki Prabu wong tanpa ngrasa
kudu bungah ginunggung maring Samiril
tan wruh yen bakal rusak.
36. Animbali putranira estri
arine wadon ing Raja Kemar
Retna Kisbandi namane
putri tur luwih ayu
dereng antuk tanggon akrami
kang ibu angandika
nini mung sireku
iya kang sun arsa-arsa
mulyakena nagarinira Kuwari
sira kang angrebuta.
37. Retna Kisbandi matur wotsari
kula ibu wingine supena
ing pukul kalih wayahe
wonten srengenge runtuh
saking wiyat kasangsang nenggih
wonten ing naga puspa
nunten dangu-dangu
kula senget ing gagantar
tibanipun ing pangkon kula tadhahi
kula buntel kasmekan.
38. Kula ungkabi pan dados uwi
uwi legi nunten kula tedha

**gurih arenyah raose
kula angraos tuwuk
malah mangke tuwuke maksih
kang ibu latah-latah
suka ngandika rum
ana lire impenira
pamanira karone iku prihatin
dening tingkahe iya.**

39. **Rakanira Sri Narendra iki
nora tari mring kang tuwa-tuwa
karem nujum anyar bae
si Samiril wong bingung
wong kaburu saking ing Rapli
rakanira Sang Nata
dhangnyar tegesipun
sabarang ature uga
yen wong anyar nora nganggo densiringi
lah iku arsa mengsah.**
40. **Lan Wong Agung Suryaningbumi
pama kodhok arsa nguntal gajah
Wong Agung Kuparman kuwe
babala para ratu
prajurite datanpa wilis
bala jin para raja
iya putranipun
madeg nata jin Ngajerak
iya pira kadare nagri Kuwari
sumengka ngangka-angka.**
41. **Gitik kelor mungsuh gitik wesi
siji bae mungsuh sagolongan
mangsa rempida wesine
kelore ajur mumur
tanpa ngrasa nora binudi
sok uga tumandanga**

**tan wun remak-rempu
tanpa nalar subasita
kakangira tur apes datanpa kanthi
kudu anatas nyawa.**

**5. RETNA KISBANDI DIPUNWECA BADHE DADOS
GARWANIPUN WONG AGUNG.**

MEGATRUH

1. Ngandelaken mung siji sariranipun
pira prakosaning jurit
wong Kuparman bala ratu
kabeh prawira ngajurit
ratune pan atos-atos.
2. Saben ratu siji sugih punggawa gung
tur tate-tate ngajurit
mungkasi mecah praja gung
asor nagari Kuwari
lalabetaning pra katong.
3. Arya kalih mring raka kang nembah matur
dilalah kedah nglabuhi
risake rajeng Medayun
tunggil tangkepe sinarik
ing pikire anggung karon.
4. Datan wonten ingkang kadi Betaljemur
ature sok anemahi
dereng nate matur luput
Patih Bestak turireki
sapisan dereng kalakon.
5. Pan punika pun Patih Bestak kang rembug
lawan pun Dhatuk Samiril
sami ulah ambabangus
sami julig amrih drengki
alami mendhem wong loro.
6. Wonge Bestak wonten pun Samiril Dhatuk
kang tugur tiyang kakalih
wira-wiri lampahipun

kang sami angluluncubi
agung gawe ngasah pangot.

7. Patih Bestak katon kethul athethingul
salami-lamine bungki
paekane boten jebul
malah anggung niniwasi
ratune anggung kaboyong.
8. Pan kasurang-surang ing pratingkahipun
prandene nora niteni
ature maksih ginugu
wus adune padha sisip
sakarep-karepe golong.
9. Paran baya budine ratu Medayun
mantune Surayengbumi
teka tan eca tyasipun
pijer ginolekken tandhing
tinawakaken pra katong.
10. Apa iku batine muwuhi batur
mring sang Surayaningbumi
apa ngarah pati tuhu
yen ngaraha pati yekti
de wus mati sinung liron.
11. Muninggar wus mati sinungan Marpinjun
milane datan nanduki
yen tuhu nganggepa mungsuh
amrih apes rebut pati
sayektine tan mengkonono.
12. Yen pinikir kaya ganggeng batinipun
mbesuk nagara Kuwari
kelorop wani amungsuh
marang Kuparman nagari
pasthi tan wurung kaboyong.

13. Sri Nusirwan iku nyakaraken mantu
amrih sugihe wadyeki
anggun gawe golek mungsuh
wuwuhe balane nenggih
mantune Jayengpalugon.
14. Langkung saking boten eca raosipun
tingkahe rajeng Medayin
ambubusuk ambabangus
ngendi ratu denparani
keni tan wurung binoyong.
15. Mring Suraya pramodeng pupuh pan ampuh
mangsa menanga ing jurit
ratu ukur duwe umur
kang kaya Kuwari iki
pan durung labet kinaot.
16. Ibunira Raja Kemar asru muwus
yayi Malebah Bardini
tetela sutanireku
kena kemate Samiril
anggunnung ginawe lobong.
17. Nora kena yen menenga sira iku
tiwase nagri Kuwari
pan sira tuwa katempuh
kaki Prabu lagi lali
kena ing mamanising wong.
18. Lah jawilen sutanira Kaki Prabu
nora wurung anemahi
yen mangkono warta iku
matur Malebah Bardini
putra paduka Sang Katong.
19. Tuwas awon samangke wontena matur
mangsane kasengsem lagi

dhateng pun Samiril Dhatuk
leresa dinamel sisip
mring putra tuwan Sang Katong.

20. Anggepipun inggih pun Samiril Dhatuk
dereng antuk tigan warsi
yen wontena darbe atur
susulung alebu geni
pened yakti manggih awon.
21. Benjing sedheng kembaa kedhik pukulun
ing samangke boten keni
leresa kinarya luput
tan tolih ngajeng myang wingking
yen saweg remen maring wong.
22. Luwung inggih tuwan pribadi pukulun
dipun age kintun tulis
ing putra paduka prabu
lan putra tuwan Sang Putri
inggih kintuna wiraos.
23. Angakena pituture para nujum
kang liyan nagri Kuwari
wonten si ujum sapuluh
boten dora pan sayekti
kang wus labet melok-melok.
24. Andhatengna samangke kawula saguh
nujum saking Kaelani
lan saking nagri Kistambul
yen putranta niti-niti
sami ujum kotos-kotos.
25. Dene nujum kadi pun Samiril Dhatuk
neneka peksa ndewani
boten gutuk dinaripun
ujum kawula puniki
pan dinar gutuk sakanthong.

26. Prameswari Ibu Kemar sigra mundhut
dalancang lininting-linting
nulya linebetken sampun
sajroning kendhi tempohing
ngandika mring sang kinongkon.
27. Anusula sira marang Kaki Prabu
aturena kendhi iki
nuli denpecaha gupuh
jroning banyu ana tulis
pan iku ujar wawados.
28. Sigra nembah lengser wau kang ingutus
lajeng nusul ing Sang Aji
Ibu Kemar lon amuwus
yayi Malebah Bardini
pratingkah ingkang mangkono.
29. Yen katona nagri lyan luwih pinunjul
simpen layang jroning warih
yen wong Tanah Arab ngrungu
tan arsa yekti ngguyoni
nora gawok dhasar emoh.
30. Pan ing Arab gelare bocah kukuncung
dudu tingkah kang sayekti
barang reh aja kaliru
sira Malebah Bardini
kalih umatur wotsinom.
31. Pan makoten pandamel ingkang mbabangus
mrih ginunggung ngaku sekti
inggi manawi wong cubluk
wong Arab pan boten apti
anggugujeng sarwi megos.
32. ngGoning uyah dinolan sarem sawuku
Ibu Kemar ngandika ris
yayi gawoke tyasingsun

wus lawas madeg narpati
si Kemar durung ambobot.

33. Atur yekti lan atur kang tibeng luput
nora pineres ing budi
amung bungah tur ginunggung
iku nora memareni
tur tiwase wus linakon.
34. Tekakena yayi nujum kang sapuluh
Kistambul lan Kaelani
karana pituturingsun
mring sutanta Kaki Aji
aja denarani goroh.
35. Ki Malebah Bardini nembah umatur
sampun kawula rawati
wisma kawula pukulun
gangsal saking Kaelani
kang gangsal pan sanes enggon.
36. Wonten ta kang Malebah saking Kistambul
sami kawula epahi
saleksa dinar pukulun
lawan kawula rih-arih
milanipun sami condhong.
37. Wus tetela ing sangkal bolong gumandhul
asore nagri Kuwari
mungsu lan sang Jayengpupuh
yen kadarung tumpes tapis
sabranyipun Sang Katong.
38. Lamun nunten emut pan keni kinukup
malah putranta Ni Putri
Retna Kisbandi ing mbesuk
kagarwa ing Jayengmurti
patutan jalu sawiyos.

39. Sabedhahe Kuwari Sang Jayengpupuh
Amir Surayaningbumi
lajeng ing panglurugipun
dhateng Yujana nagari
Kewuspendar inggih kawon.
40. Boten pejah pun Kewusnendar anungkul
kadya putranta ing ngriki
nunten lajeng malih nglurug
dhateng nagri Kaelani
panggih putrine Sang Katong.
41. Gustinipun piyambak dhateng pun nujum
putri adi Kaelani
Kelaswara luwih ayu
putri prawira ngajurit
patutan jalu sawiyos.
42. Langkung saking pinekik sajadag punjul
pan dados putra kakasih
tan wonten kadi punika
sihipun Sang Jayengmurti
bagus prawiren palugon.
43. Pilih ingkang nangga wawrating prang pupuh
putra saking Kaelani
makoten aturing nujum
Ibu Kemar duk miyarsi
iku yayi yen mangkono.
44. Kaya pantes nujum sapuluh ginugu
rempeg tan ana kang nilib
kaya si Samiril Dhatuk
ujum kekere mung siji
saujar-ujare ngomong.
45. Ya ta kuneng mangkana wau winuwus
lampahe Rajeng Kuwari

**makuwon denira methuk
taratag wangunan adi
sinung tutuwuhan anom.**

6. PRABU NUSIRWAN DUMUGI ING KUWARI DIPUNSUBYA—SUBYA.

SINOM

1. Wus celak atur uninga
mantri pangrungu wotsari
pukulun rama paduka
Sri Bathara Nyakrawati
punika ingkang prapti
Raja Kemar tedhak gupuh
piyak sagung gagaman
samyā mere nganan ngering
Sri Nusirwan tedhak saking ing dipangga.
2. Tundhuk Kemar atur sembah
rinangkul ing Sri Bupati
tiniyup lungayanira
Raja Kemar angaturi
ing Prabu Nyakrawati
pinreka ing tatarub
sigra kakanthen asta
prapta wus samya alinggih
Sri Nusirwan munggeng made dirgasana
3. Prabu Nusirwan ngandika
anak prabu ing Kuwari
mung sira ingkang sayogya
angilangena prihatin
Patih Bestak nambungi
rama paduka Sang Prabu
angung kinarya susah
dening Sang Surayengbumi
boten pisan taklim dhateng maratuwa.
4. Rumiya Retna Muningar
kagarwa wusnya ngemasi
mangke kang rayi tinedha

pinopo ambilaeni
gempur pasthi Medayin
wurunga Retna Marpinjun
nauri Raja Kemar
aja sira walang ati
pan wus entek wahyune si Kakungingrat.

5. Wus pasthi ujaring weca
ngalih mring nagri Kuwari
sektine kari sawulan
mbesuk sun tonjoke tulis
pasthi ika nekani
wong Kuparman adatipun
samangsane tekaa
sayekti ngesrahken pati
nora wurung Kuparman kaduwe mring wang.

6. Adangu samya pocapan
larih mider kaping kalih
ngrarangin ponang gamelan
pasugata amarnani
wonten caraka prapti
Kemar saking ibunipun
dumrojog mring ngayunan
ngaturken kendhi tempohing
wus anduga surat saking ibunira.

7. Kendhine nulya pinecah
ing jro warih isi tulis
cingak wong Medayin mulat
sektine rajeng Kuwari
dalancang isi tulis
tan teles sinimpen banyu
pasthi kalah wong Arab
Marmaya ananandhingi
kuwasane ing Kuwari Raja Kemar.

8. Sembada dedeg parusa

godheg wok agung tur inggil
simbar jaja palawangan
rawise naga anglangi
netra ambidho mati
remane ketel angeduk
ulate macan babal
kuwasane angenteni
baya iki bubahe nagri Kuparman.

9. Sadaya angalembana
pra dipati ing Medayin
mangkana Sang Raja Kemar
matur mring rajeng Medayin
suwawi kula turi
tumameng kadhaton ulun
luhung sami kasukan
tanbuh kang tuwan susahi
angrawati ing guneme wong Kuparman.
10. Wus budhal Sri Maharaja
kalihe anitih esthi
gumuruh kang bala kuswa
sajroning kitha wus prapti
pinrenah ing sitinggil
Nusirwan pakuwonipun
langkung sinungga-sungga
kang munggend bangsal pangapit
Patih Bestak lan sagung nata punggawa.
11. Andina-dina bujana
Nusirwan aneng Kuwari
Raja Kemar solah senggrang
ing batin ana kuwatir
ingkang keraseng galih
surat saking ibunipun
dening kang sami meca
Kistambul lan Kaelani

pan sadaya nujum sami aturira.

12. Beda lan pamecanira
sira Ki Dhatuk Samiril
arep nora ginuguwa
ature Dhatuk Samiril
dene ta amucicil
nora rnungu karungu
pitutire bunira
nujum sapuluh pan sami
mokalane wong sapuluh dodoroa.
13. Ing batin wayang-wuyungan
Sri Naranata Kuwari
laire bae asenggrang
denira tamiyan lagi
Sang Prabu ing Medayin
marmanggung sesoroh sanggup
sawusnya sukan-sukan
anyolong tingal manggihi
mring kang ibu wus tundhuk neng dalem pura.
14. Kang ibu alon ngandika
kaki Prabu paran iki
ujumira kang satunggal
ature Dhatuk Samiril
apese Jayengmurti
iki nujum kang sapuluh
luhure wong Kuparman
iya durung matengahi
yen suryaa iya lagi lingsir wetan.
15. Pan durung amantra-mantra
gumiwanga apesneki
mung Ki Dhatuk nggone meca
Samiril aneh pribadi
lan wong sapuluh iki
kotos-kotos padha nujum

kitabe iya ana
nora ngawur aturneki
lah tandhingen kitabe neng ngarsaningwang.

16. Anurut ing ibunira
Sri Bupati ing Kuwari
Samiril kus ingandikan
miwah ta kang paman kalih
Malebah lan Bardini
kalawan nujum sapuluh
pan kinen sami mbekta
kitabe sawiji-wiji
lebetira sami mijil bubutulan.

7. DHATUK SAMIRIL DIPUNKUNJARA.

MIJIL

1. Sampun prapta Ki Dhatuk Samiril
ing ngarsa Sang Katong
pan anggagrak dinangu ature
nora taha mring kang paman kalih
myang kang ibu Sori
tuwin wong sapuluh.
2. Ibu Sori angandika aris
ujar kang mangkono
Ki Samiril apa na kitabe
matur ngakak sarwi nampel wentis
ibu Kemar angling
wetokna kitabmu.
3. Winedalken kitabe sasuwir
Ibu Sori alon
yayi kalih nujumira kabeh
padha metokna kitabe sami
sapuluh wus sami
metu kitabipun.
4. Ageng-ageng sami densamaki
samyang mangsi ijo
kinen maca Samiril kitabe
amung isi Menak Jayengmurti
meh apes ing jurit
ngalih wahyunipun.
5. Raja Kemar Kuwari kang tampi
telas mung mangkono
nora nganggo purwa wekasane
Arya Malebah Arya Bardini
ngatag angungkabi
kitab kang sapuluh.

6. Ki Samiril kitabe sasuwir
mung isi mangkono
wong sapuluh amaca kitabe
samyawiwit saking Lukmanakim
myanglarene nguni
Menak kang cinatur.
7. Saurute sasolahing jurit
saparan lunga ndon
tutug ing Pakancun pamacane
lajeng krami lajeng Pakuwari
krama lan Kisbandi
sor Kuwari Prabu.
8. Lajeng Payujana Pakelani
Sang Jayengpalugon
pan anglantur nggalur pamacane
lajeng kesah Nusirwan Medayin
mring Cina Nagari
kabegal neng Mukub.
9. Lajeng puputra neng Kaelani
sang Jayengpalugon
saurute telas pamacane
prameswari angandika wengis
heh ta yayi kalih
cekelen si Dhatuk.
10. Tuhu lamun angemat si anjing
angrenah lalakon
Raja Kemar ngungun gedheg-gedheg
arya kalih sigra anyekeli
mring Dhatuk Samiril
sampun winayungyung.
11. Matur ing ibu nateng Kuwari
pun Dhatuk binelok
sedheng kula Ibu aprang rame

sampun wonten njarwakken puniki
sae densasabi
kula prang rumuhun.

12. Sampun awon jenenging narpati
wuwus tan kalakon
inggih Ibu gampil masalahe
yen asora Menak Jayengmurti
leres pun Samiril
yen Wong Menak unggul.
13. Awrat kula lawan ing ngajurit
yen abot binobot
wong sapuluh kang yekti ature
nanging mangke Ibu denawingit
mung yayi Kisbandi
angulaha ayu.
14. Angrebata Nagari Kuwari
yen apes prangingong
jinaluka dadya tutukone
uripingsun maksih angratoni
Nagari Kuwari
ngaub yayi Galuh.
15. Dhatuk Samiril rinante wesi
pinrenah neng gedhong
arya kalih kang rumeksa nggene
Ibu Sori ngandika mring siwi
poma Kaki Aji
denawas denemut.
16. Raja Kemar inggih turireki
bubaran Sang Katong
kondurira marang dalem gedhe
lajeng marek mring rajeng Medayin
akasakan sami
sadalu anayub.

17. Kuneng ing dalu rajeng Kuwari
enjang winiraos
Patih Ambar ngandikan budhale
kang ambahak nagri Kandhabumi
de tamuwan lagi
sang rajeng Medayun.
18. Wadya Kandhabuwana angungsi
barise tan adoh
Raja Samsir lan sapunggawane
wus angançik jajahan Kuwari
kendel pacak baris
neng dhusun Cibus.
19. Papan wiyar kali kanan kering
ing ngarsa tan adoh
Raja Samsir lan sapunggawane
duk semana amiyarsa warti
tetela ntuk warti
yen rajeng Medayun.
20. Prapta aneng Nagari Kuwari
kadi wong kaboyong
kerig sagung punggawa mantrine
miwah satriya lan para aji
duk samadya sasi
nenggih praptanipun.
21. Raja Samsir amatah bupati
kang yogya kinongkon
marang Nagri Kuperman lakune
tur uninga Gusti Jayengmurti
suratnya wus dadi
sinung kang tinuduh.
22. Lalancaran punggawa kakalih
andeling pakewoh
tan winuwus ing marga lampaha

prapta enjing Kuparman nagari
Wong Agung Ngalabi
duta kang jinujug.

23. Katur surat saking Kandhabumi
tinampan winaos
wus kadriya kabeh surasane
gya ngaturi mring Umaryeki
tan adangu prapti
Arya Maktal mudhun.
24. Methuk nganthi mring Umarmayeki
wusnya tata lunggoh
Arya Maktal ngaturken surate
ingkang prapta saking Kandhabumi
winaca tumuli
mring Umaryeku.
25. Langkung ngungun Marmaya miyarsi
anjomblong malompong
amacucu sarwi gedheg-gedheg
kaya ngapa yayi wong Medayin
apa wis pinasthi
denya dadi satru.
26. Pan wus atak bentet mamrih tandhing
ing aprang gung keyok
iya teka tan ana kapoke
besuk lamun Wong Menak tinangkil
aturna tumuli
mring rakanireku.
27. Dene yayi Marpinjun ing mangkin
denira ambobot
pira yayi samengko benere
Arya Maktal aturira aris
pan sami puniki
sangan wulanipun.

28. Pira lawase nganggur neng ngriki
kang rayi turnya lon
pan wus limalas ing taun mangke
kari rong wulan jangkeping warsi
Marmaya nauri
wus lawas anganggur.
29. Iya sedheng yan anaa kardi
awak meh kuwayon
tan winarna wong agung kalihe
kang agunem rasaning Nagaro
Kuparman nglangkungi
saking arjanipun.
30. Pan wus bubaran wong agung kalih
daluh winiraos
Ni Marpinjum babar wawratane
mijil jalu suwarnane pekik
pideksa pesagi
kang cahya sumunu.
31. Enjang Wong Agung mijil tinangkil
aglar para katong
lir samodra mbalabar wutahe
kadya panjrahang kusuma giri
satriya bupati
sri busananipun.
32. Para ratu sabusananya sri
tata tan kena wor
pangayape kang pra dipatine
tuhu lamun Surayaningbumi
tan ana nimbangi
gunge wadyanipun.
33. Para ratu saisining bumi
tan ana mangkono
mung Wong Agung Kuparman balane

muser pratala angken jaladri
awendran par mantri
wus tan kena ngetung.

34. Wong Agung neng patarana linggih
oreg para katong
sinasmitan wangsul panggenane
wong agung Parangteja tan tebih
Arya Pulangwesi
jajarira lungguh.
35. Prabu Marmadi ingkang nambungi
Lamdahur tan adoh
rajeng Yunan Tamtanus sambunge
prabu ing Rum lan Kebar nambungi
Kuristam Biraji
ratu kang pangayun.
36. Para putraning ratu nambungi
Sang Narpati Kaos
pangarsane cakep ing wurine
Raden Putra kalih munggeng ngarsi
Jayusman Ruslani
tan tebih nggenipun.
37. Rajeng Kangkan lan rajeng Ngabesi
tepung ragi moncol
lawan para ratu sakathahe
jejeling wuri kang pra dipati
wançaksuji akik
kendhiah pan meh rubuh.
38. Gapura geng kenaka cinawi
cineplok sotya byor
kadya goyang kalindhiah wadya keh
pindha Nabi Suleman siniwi
ratuning sabumi
srinira anggambuh.

8. WONG AGUNG NGLURUG DHATENG KUWARI.

GAMBUH

1. Mangkawa nguwung-uwung
prabaning kang ujwala mas murub
makuthane sagung kang para narpati
sunaring sosotya mancur
miwah retnaning kang topong.
2. Tan wus lamun winuwus
rengganing kang busana bra murub
asenggani sarawungan ngilat thathit
meh surem baskara kusut
kandhah gebyaring panganggo.
3. Ya ta wau Wong Agung
resmining kang cahya pan aruruh
angliyepi pae lan ing nguni-uni
gilaping kang cahya tutut
tan kadya duk maksih anom.
4. Pan wus satengah sepuh
iringe netya apan anerus
sumuking tyas denya meh tan mawi runtik
wenesing pamulu tangguh
Wong Agung ngandika alon.
5. Heh yayi sun angsung wruh
miwah ta kakang Umarmayeku
Ni Marpinjun wawratane mau latri
wus ambabar mijil jalu
pekik suwarna kinaot.
6. Sun paringi jujuluk
iku sutane Nimas Marpinjun
paparabe iya Raden Rustamaji
ngestrenana para ratu
ing namane putraningong.

7. Lah malih parabipun
iya Raden Kuparman puniku
wong agung ing Parangteja awotsari
tuwin Marmaya jumurung
miwah sagung para katong.
8. Arya Maktal tinantun
iya kang sayogya embanipun
sinaosken Sri Naranata ing Bangit
Darundiya kang panuju
santana prawira anom.
9. Arya Maktal wotsantun
angaturaken ing suratipun
ing kang prapta saking Nagri Kandhabumi
tinampan binuka sampun
sinukmeng driya winaos.
10. Kadriya tembungipun
Wong Agung langkung denira ngungun
angandika mring Maktal Umarmayeki
nora kayaa Sang Prabu
maksih polah kang mengkono.
11. Arya Maktal wotsantun
inggih ing warti apan kapencut
nujumipun Sri Naranateng Kuwari
pan inggih aturing nujum
lamun paduka meh kasor.
12. Kemar kang ngganti wahyu
inggih pun Samiril nujumipun
pawong sanak punika lawan Apatih
Bestak ing kang darbe atur
ing rama paduka katong.
13. Kapencut atur nujum
apan dadya kelu kapiluyu
tedhakupun bathara anyakrawati

dhateng Kuwari pukulun
ginubel ing para katong.

14. Malah lampahe kuwur
kasusu-susu manawa kantun
sumyak samya gumuyu para narpati
nggugu tutur wong anglindur
mundur kadi rare angon.
15. Angandika Wong Agung
marang Arya Maktal kang tinantun
lawan sira Wong Agung Tasikwajeki
kayaparan becikipun
mungguhing sariraningong.
16. Apa tan nuli njujul
iya lawan sawadya anglurug
apa nganti tonjoke rajeng Kuwari
Arya Maktal nembah matur
sampun anganti tinonjok.
17. Suwawi nunten njujul
Nagri Kuwari inggih ginempur
inggih mangsa wandeya amangun jurit
ing pratingkah rama prabu
yen kasep sangsaya ngradon.
18. Temah mamanjang luput
rama paduka rajeng Medayun
sampun sepuh tekade sok mimirangi
aluwung nunten jinujul
ngandika Jayengpalugon.
19. Iya yayi ngong rembug
apan wus lawas ing leren ingsun
neng Kuparman wus jangkep pitulas warsi
nggoningsun nora anglurug
prajurit padha kuwayon.

20. Lawas enggone nganggur
kalalen nengguh ing aprang wau
Umarmadi parentaha ing para ji
yen ingsun arsa anglurug
marang Kuwari lunga ndon.
21. Heh ta yayi kang kantun
iku para ratu patang atus
kang pangarsa patang ewu ratu mburi
yeku kariya atunggu
aneng Kuparman kadhaton.
22. Lawang papat anyatus
apan ratu wadana kang tugur
pan anyewu iya ratune pamburi
atunggu yayi Marpinjun
yen miluwa maksih repot.
23. Lan bala ecanipun
iya wong cilik aywa na kuwur
aja owah wong jro kutha lan wong tani
den maksih kadya na ingsun
santosa aywa kuwatos.
24. Arya Maktal wotsantun
ya ta Wong Agung anulya kondur
pan ambekta surat saking Kandhabumi
badhe sinungken Marpinjun
sapraptanireng kadhaton.
25. Wong Agung rawuhipun
ya ta surat sinungken Marpinjun
iki yayi layang saking Kandhabumi
tinampen dening Marpinjun
kang serat lajeng winaos.
26. Putus pamaosipun
langkung ngungun Sang Retna Marpinjun

dhuh pukulun sampun karsaning Hyang Widhi
ing pratingkah kedah luput
rama paduka Sang Katong.

27. Inggih sakarsanipun
apan kawula srah ing pukulun
pejah gesang pan sami badan pribadi
tan purun binakteng luput
nadyan wong tuwa yen awon.
28. Tan wruh sariranipun
inggih yen nistha kalangkung-langkung
kedah anut dhateng ature wong cili
pangrasane dadya luhur
tan wruh yen kaliwat asor.
29. Kula pan laki tuhu
yekti anut saombaking kakung
lebur luluh kandhem kerem anglabuhi
tan arsa suwaleng kakung
pawestri tumut kemawon.
30. Sru gumujeng Wong Agung
iya yayi pan wus kaprahipun
ing akrama anut sakarsaning laki
nadyan wong tuwa yen bingung
tan wruh tibaning lalakon.
31. Prakara dadi luhur
dadi asor apan wus kadulu
serapate aneng sarira pribadi
yen carobo tangkebipun
tan wurung tibane asor.
32. Matur Retna Marpinjun
paran karsa paduka pukulun
sae nunten jinujul dhateng Kuwari
rama paduka puniku

destun tan uningeng kapok.

33. Ngandika lon Wong Agung
iya yayi ingsun mbesuk esuk
wus parentah marang sagung pra dipati
dene kang tunggu sireku
patang atus para katong.
34. Wau ta aturipun
yayimas Parangteja maringsun
sutanira yayi Raden Rustamaji
si Darundiya tinuduh
kinarya emban kang among.
35. Santosa kadangipun
dening yayi Parangteja iku
naking sanak Darundiya rajeng Bangit
prawireng ngalaga tangguh
putus ulahing pakewoh.
36. Ratu kang patang atus
iya kang kari padha atunggu
marang ta sira kareh ing rajeng Bangit
sunsrahi pangwasa iku
aja sira walang atos.
37. Prasasat rinireku
yayimas Parangteja kang kantun
matur nuwun Marpinjun inggih prayogi
salameta ingkang kantun
salameta kang lunga ndon.
38. Garwa kakalih sampun
dhinawuhan binekta ngalurug
Rajaputri Karsinah lan Parangakik
samy sandika turipun
ing gunem pan sampun dados.
39. Ing dalu tan winuwus

enjing sagung para ratu-ratu
atengara ratu wadana pra sami
gumuruh lor kulon kidul
munya akethen kendhang gong.

40. Dyan sagung para ratu
panekar anut tengara umung
sanagara kadya reh kang bumi gonjing
aru ara guntur ketug
lir gerah kang langit bojot.
41. Lir ladhu gumaludhug
gora-gora gara agumuruh
gadebeking turangga blegdaba esthi
bihal karendhi lan senuk
memreng andaka lan ngrimong.
42. Krebeting umbul-umbul
rontek daludag lawan lalayu
swaraning kang ngirabaken gungning baris
dadameling para ratu
gumuruh umung met enggon.
43. Para ratu panganjur
wus ambudhalaken barisipun
ngaler ngilen gagaman kadya jaladri
wutah ngalebi wana gung
lir wukir sawendra esol.
44. Busana anglir daru
anrawungi sri manguwung-uwung
anedhuhi akasa kandhih lumindhih
surem bagaspati tedhuh
kapraban wuryeng kapraban.
45. Tan wus lamun winuwus
gunging bala pan kadya balabur
ratu patang puluh kadanging Kohkarib

wadya Serandil sumambung
pangkat-pangkat para katong.

46. Sumundhul bala ing Rum
bala ing Biraji kang sumambung
bala Kaos Ngabesi Kebar nambungi
Tursina wuri sumambung
andaledeg para katong.
47. Putraning para ratu
ingkang ngangge kapraboning ratu
pira-pira pangkate ingkang nambungi
agolong sajuru-juru
tan petungan para katong.
48. Lir belah bumi butul
kambah molahing reh kang wadya gung
kadya ginggang Antaboga Nagagini
wahananing para ratu
pra dipati satriya rob.
49. Bihal daladal wabru
yutan awendran dipanganipun
kang anitih andaka kuldi karendhi
blegdaba kalawan senuk
kuda memreng lan angrimong.
50. Katijah lan Saljahur
lan ing Demis Kuristam ing Marjum
ing Karsinah Ngabesi lan Parangakik
putra kalih balanipun
pan wendran lir samodra rob.
51. Nulya Prabu Tamtanus
kang ambaboni mring para sunu
samyana anut ing bapa rajeng Yunani
ingandel mulang pra sunu
kaprawiraning palugon.

52. **Prawirane Mardanus**
nenggih putrane Prabu Tamtānus
wus pratandha kaprawiraning ngajurit
sinihan ingangkah sunu
ing Gusti Jayengpalugon.
53. Wus antuk mbanda ratu
Raden Mardanus kalane timur
prang Pakanjun miwah nguni ing Biraji
prang Pakaos ingkang kantun
nggening mbanda para katong.
54. Ginuron Sang Mardanus
iya dening para raja sunu
pan sadaya miluta putreng Yunani
tur sinihan ing Wong Agung
tatag titihing prang tanggon.
55. Nglangkungi kuwatipun
atetela wagede prangipun
konang-onang prawira putreng Yunani
palenggahanira sampun
jinunjung tetep kinaot.
56. Mring Sang Pramodeng Pupuh
wau ta apan kang baris agung
mijil saking kitha Kupaerman anggili
prakempa reh guntur ketug
bumi kambah lir mandhelong.
57. Agara-gara ladhu
anglir wukir sakethi katunu
pitung dina daledeg wijiling baris
gumaledheg gumaledhug
kadya yutan girindra sol.
58. Kumresék kadya jawuh
kyehning wadya kang rebut dalanggun

ketempuhing prahara geng nukmeng baris
mawur-mawur wong pipikul
gumuruh kang amrih enggon.

59. Bala Kuparman mbrubul
ing sadina-dina pan gumuruh
baris wutah mbalabar lumreng wanadri
wadya gung sundhul-sumundhul
gagamaning para katong.
60. Wus antuk tigang dalu
nenggih barise ratu panganjur
wijilira Wong Agung Surayengbumi
saking kadhaton gumuruh
sampun angrasuk kaprabon.
61. Kang para garwa ngayun
enggonira pan ing wurinipun
putranira Raden Jayusman neng ngarsi
Raden Ruslan kang sumambung
ing wuri kang ibu karo.
62. Neng jempana mas murub
arja sinongsongan patang puluh
rajaputra Sudara ing Parangakik
asri upacaraipun
kawan atus rare cebol.
63. Kang samya ngampil kebut
apan kadya merak alalaku
rare dhengkak kang kawan atus nambungi
sadaya angampil kacu
kadya landhak araraton.
64. Wong Rapli kawan atus
sami sengkleh kabeh sukunipun
kang lumaku suku siji tangan siji
mberangkang wong patang atus

kabeh mikul ngampil endhong.

65. Colot-colot lumaku
pan tangan kiwa kang napak lebu
suku siji mung kang tengen napak siti
suku tangan kang anganggur
sadaya agendhol-gendhol.
66. Tangan pundhake mikul
endhong iya wong kang patang atus
lan jemparing ambekane ting karempis
lir bangkong geger binuru
ing ula pating pancolot.
67. Rare Paliser sewu
wong ireng lawan wong bule sewu
kalung abang kabeh ngampil sawunggaling
tinopongan ing mas wungu
tebah jaja akaroncong.
68. Wong Dhayak gimbal rambut
nenggih kadya kumbala pinanggul
bate-bate pinonthang emas sinungging
ing nila wredi jo biru
angampil dandanan wadon.
69. Bothekan ponjenipun
lan bersiyon sadaya papayung
ngampil gandhik pipisan payunge putih
sapangkat ijo bang biru
samyak kakanthen karoron.

9. ASRINING LAMPAHIPUN WONG AGUNG

KINANTHI

1. Wusnya upacaraipun
rajaputri Parangakik
sumambung putri Karsinah
Retna Situpelaeli
asri upacara nira
palawija bucu wujil.
2. Rare bajang tigang atus
akulambi laring nori
kang sami ngampil endhong mas
bucu rong atus nambungi
rempek lampaha abayak
tan ana benggang sanyari
3. Angampil jemparingipun
rare bucu akulambi
elare peksi manyura
awak tan katong sanyari
dening wuluning manyura
linapisan wus miranti.
4. Rare cebol tigang atus
bajo laring podhang kuring
angampil duduk kenuran
ing kang ngampil sawunggaling
wujil tigang atus bayak
kulambi lar bidho sami.
5. Rare dhengkak ngampil kacu
bajo laring wulung sami
rong atus rare kapila
bajo laring tengkek sami
acecengger kinuncungan
angampil dandanan estri.

6. **Sadaya sami papayung
Retna Sirtupelaeli
munggeng jempana rinengga
kancana linud ing sungging
sinongsongan kawan welas
laring manyura tulya sri.**
7. **Apanjang lamun winuwus
renganing upacarestri
Wong Agung Surayengjagad
respati nitih turanggi
mubyar pun Askarduwijan
rinengga ing busana di.**
8. **Songsong Nagakantha sewu
gumerah wong magersari
wong tutukon sangang leksha
manca warna ngampil-ampil
kang upacara tulyendah
lir panjrahing puspita sri.**
9. **Gumaludhug guntur ketug
gora reh kagiri-giri
jaladri bangun prakempa
bumi molah gonjang-ganjing
kambah baris lir kalaran
oreg kadya sol kang wukir.**
10. **Salin gelar munggeng pungkur
Wong Agung Parangtejaki
lan Wong Agung Tasikwaja
lampah samya munggeng wuri
kadya kang samodra bena
wadya gung ing Ngalabani.**
11. **Kusuma Sajarahbanun
pangayape wadya Mesir
asri lir giri kusuma**

upacara amarnani
kang nambungi wurinira
raja putri Kandhabumi.

12. Asri upacara nipun
Retna Dewi Banawati
wadya ing Kandhabuwana
panandhon lan magersari
kadya kang wukir puspita
tempur lan bala ing Mesir.
13. Asrining wadya ndha-usuk
Wong Agung Surayengbumi
lan Wong Agung Parangteja
Umarmaya munggeng wuri
kabeh baris pra santana
Marmaya ingkang mbaboni.
14. Tan wus wuwusen ing kidung
kehing wong asrining baris
ing siyang dalu lumampah
tan winarna wus alami
neng marga sarya mong bala
Wong Agung Surayengbumi.
15. Yen wus jangkep pitung dalu
lerebira tigang latri
duta ing Kandhabuwana
sigra lampahnya ndhingini
prapteng pabarisanira
gustinira Raja Samsir
16. Katur lamun budhalipun
Wong Gaung Surayengbumi
saking Nagari Kubarman
balanipun tanpa wilis
Raja Samsir duk miyarsa
tengara mbudhalken baris.

17. Swaraning wadya gumuruh
barise mangkya mrepeki
marang Kuwari nagara
gumregut wong Kandhabumi
ing marga datan winarna
ngancik pinggiring nagari.
18. Panganjure kinen laju
mrepeki kitha Kuwari
samarga-marga mbabahak
rusuh wadya Kandhabumi
binoyongan kang kancikan
puyengan wong ing Kuwari.
19. Wong tepis wiring katawur
samyang ngungsi kitha nenggih
praptane baris ing Kandha-
buwana anggigirisi
datan kena pinanggihan
amboboyong mamateni.
20. Dhusun kambah samya suwung
rusuhe wong Kandhabumi
kendel sami masanggrahan
wau sira Raja Samsir
tan tebih Kuwari kitha
wadya keh kantong ing wuri.

**10. WADYA KUPARMAN CAMPUH KALIYAN
WADYA KUWARI.**

PANGKUR

1. Kuneng gantya winursita
Raja Kemar enjing miyos tinangkil
punggawanira supenuh
aglar mantri satriya
tuwin sira Sri Bathara ing Medayun
lenggah aneng dirgasana
andher niyaka Medayin.
2. Sira Kyana Patih Bestak
lawan Patih Ambar jajar alinggih
Patih Ambar nembah matur
ing Gusti Raja Kemar
dhuh pukulun atur uninga ing Prabu
wonten mengsah ageng prapta
saking nagri Kandhabumi.
3. Wus prapta njawining kitha
ing Kunawar dhusun kang dipun nggeni
pitung yuta balanipun
punggawanipun kathah
apan dhomas samya prakosa dibya nung
putra ing Kandhabuwana
anyar umadeg narpati.
4. Kaipe mring Arya Maktal
milanipun wanter tangkeping jurit
balane kalangkung rusuh
mboboyong ambabahak
panganjure wingi prapta kori kidul
meh madung korining kitha
wantere wong Kandhabumi.
5. Raja Samsir bisikannya
panganjure wangsul dipun utusi

samangke tetep kukuwu
wonten dhusun Kunawar
Raja Kemar duk miyarsa langkung bendu
ora kaya dene langar
ratune wong Kandhabumi.

6. Apa siyunge sacengkal
wani nggepok lawang kutha Kuwari
Kya Patih Bestak sumambung
pan inggih sampun adat
para ratu jerih-jerih duk rumahun
sadamose wong Kuparman
salin manah wani mati.
7. Punika duk dados rencang
kaya anjing angemut tai kucing
mengko salin gustinipun
suwita neng Kuparman
kumalungkung kaya wedhus mangan kenthus
ingsun prajurit Kuparman
babo dene memedeni.
8. Gumyak sagung kang miyarsa
Raja Kemar pangandikanira ris
yen sun ladenana iku
kampirare wakingwang
Patih Ambar mamataha punggawa gung
kang putus prawireng yuda
ngladeni wong Kandhabumi.
9. Si Arya Gajah Lautan
lan si Arya Banendrus konen aglis
anyakethi balanipun
poma patih budhalna
benggangena saking kutha si Banendrus
kang tate aprang pacalang
yudane wong Kandhabumi.

10. Kondur Sang Prabu kalihnya
lajeng andrawina aneng sitinggil
bujana sadalu nutug
enjinge kawarnaa
arya kalih Gajah Lautan Banendrus
budhal marang jawi kitha
sakapraboning ajurit.
11. Muntab kang baris kikirab
saking kitha kalih kethi umijil
titindhah Arya Banendrus
lawan Gajah Lautan
wadya Kandhabumi wruh mungsuhe metu
kadya macan dengagalak
kumrutug mangrebut wani.
12. Keles wong Kuwari mangsah
pan karoban mengsah kathah katindhah
wong Kandhabumi gumregut
Raja Samsir miyarsa
lir tinunu mangsah sawadya bala gung
punggawa dhomas mangidak
nempuh nunjang ing ngajurit.
13. Ing wuri saya gung prapta
ambalabar prawira Kandhabumi
wong Kuwari wus katawur
sumyar mawur keh pejah
Raja Samsir angrok ing lawan manempuh
Arya Banendra katigas
dening rajeng Kandhabumi.
14. Lan Arya Gajah Lautan
wus tinigasunggawa keh ngemasi
tumpes wong Kuwari gempur
kang kacandhak keh pejah
sakarine dhadhal barise anggerus
bala ing Kandhabuwana

riwut pangungsinireki.

15. Kasaput dalu kendelnya
meh kawingkis pager kitha Kuwari
kuneng malih kang winuwus
rajeng Kebar lan Kangkan
kadang sareng lampahe gantya winuwus
ratu kakalih punika
kang dinuta angriyini.
16. Mring Wong Agung Parangteja
ratu kalih kinen bantu ing jurit
wus panggih lawan Sang Prabu
nateng Kandhabuwana
anepungi ing baris pangepungipun
Kalakebar lan ing Kangkan
angepung kitha Kuwari.
17. Kalimput kulon lan wetan
miwah kidul kalimput dening baris
Patih Ambar sampun ngrungu
yen wong Kandhabuwana
mrepat kitha barise ngasut anangepung
wus kemptut bataning kitha
geger wadya jro kitheki.
18. Pra samya atur uninga
mring Apatih Ambar yen mungsuh prapti
samya ngrampit kitha nempuh
wadya Kandhabuwana
kidul kilen miwah wetan kang tinugur
mung ler kang kinarya towang
prajurit anglalanangi.
19. Puyengan wadya jro kitha
Patih Ambar gugup denya miyarsi
sigra tumameng kadhatun
tur wikan ing Sang Nata

lamun mengсах Kandhabumi ngasut ngepung
barise andhesek kitha
tigang nggen kinepung wani.

20. Duk miyarsa langkung duka
Raja Kemar sarira dadya agni
jaja bang malatu-latu
netra kalih ngatirah
sigra ngrasuk kapraboning aprang pupuh
tur uninga mring Nusirwan
yen arsa miyos ing jurit.
21. Wadya jro samya kikirab
Raja Kemar kalilan denya mijil
lan Sang Prabu ing Medayun
sampun karya wangunan
pasanggrahan rinengga tatarub agung
makuwon jawining kitha
lan Bathara ing Medayin.
22. Wadya ing jawi miyarsa
lamun Raja Kemar miyos ing jurit
lawan Bathara Medayun
gugubah jawi kitha
sigra undhang angumpul kang baris agung
amapan salering kitha
angumpul dadya sawiji.
23. Raja Kemar ing nalika
neng pakuwon gumerah kang prajurit
nanging sira Sang Aprabu
kendel tan paparentah
amiyosi ing aprang pijer anayub
nateng Kebar paparentah
mring Sang Rajeng Kandhabumi.
24. Yayi Prabu kayaparan
wadyanira konem anambut aglis

saosan pakuwonipun
ing gusti kang prayoga
lor pakuwon Kunawar pinggir marga gung
ing ara-ara Pasidan
jembar ngungkuraken kali.

25. Den padha enggal dadiya
dene iki Sang Prabu ing Kuwari
kudu mrih prang lawan ingsun
si Kemar wit sikara
kaya ngapa pan dudu wit saking ingsun
wong akarya pasanggrahan
winetonan ing ngajurit.
26. Yekti saajanging ajang
angladeni wong arsa denpateni
mangkono digawe atur
yekti tan nemu duka
ing Jeng Gusti Wong Agung besuk yen rawuh
sigra sami nambut karya
wong Kebar wong Kandhabumi.
27. Gumuruh kang nambut karya
tan kawarneng dalu wuwusan enjing
tengara kang para ratu
wadya Kebar lan Kangkan
Kandhabumi rakit kaprabon prang pupuh
wadya lit kang nambut karya
gumrah surak-surak sami.
28. Kagyat miyarsa narendra
ing Kuwari tengara amiyosi
ing aprang kendhang gong barung
teteg munya sauran
ambalabar baris Kuwari Medayun
wong Kebar Kandhabuwana
nimbangi baris miranti.

29. Wau sira Raja Kemar
lan Nusirwan neng patarana linggih
wadya Kuwari Medayun
andher neng ngarsa nata
tuwin nateng Kebar Kandhabumi prabu
myang rajeng Kangkan wus lenggah
ngajap tempuhing ngajurit.
30. Wus atempuh barisira
apratandha yen nedya aprang tandhing
ratu anom kaduk purun
rajeng Kandhabuwana
amit marang raja Kebar peksa magut
gya rajeng Kangkang turira
amba kang mijil rumiyin.
31. Pan dadya diya-diniya
Yusup adi Ukman kinen rumiyin
rajeng Kangkan sigra magut
kawot kapraboning prang
prapteng papan minta tandhing nguwuh-uwuh
heh sapa kang arsa pejah
payo metuwa ngajurit.
32. Raja Kemar langkung duka
sigra ngarag marang Rekyana Patih
Ambar ingkang kinen magut
ngandika Raja Kemar
patenana wong peksa lancang iku
baya ta iku kang nigas
Banendra kadangireki.
33. Lawan si Gajah Lautan
pilihena iku cekelen aglis
Patih Ambar nembah mundur
nitih kuda umangsah
prapteng papan wadya gung surak gumuruh
kang aprang ayun-ayunan

tatanya Rekyana Patih.

34. Prajurit aranmu sapa
Raja Ukman sigra denya nauri
Raja Ukman araningsun
nagaraningsun Kangkan
Patih Ambar angling kalingane ratu
payo sira anggadaa
Raja Ukman sru nauri.
35. Tan ana caraning aprang
wong Kuparman kalamun andhingini
Patih Ambar asru muwus
tegese sira iya
wong Kuparman praptanira ababantu
mulane barise galak
tangkepe wong Kandhabumi.
36. Dene ana wong Kuparman
den prayitna tangkisa ingsun gitik
Patih Ambar sigra mupuh
tan osik rajeng Kangkan
panyabete kinipat panampelipun
tiba gadanira Ambar
surak bala Kandhabumi.
37. Ngetap kuda ngikal gada
Patih Ambar ginada nulya tangkis
nanging sigar parisipun
gadanira naratas
anibani iring pipilinganipun
niba Kyana Patih Ambar
saking kuda meh ngemasi.
38. Patih Ambar sru kantaka
pan gumuruh surak wong Kandhabumi
wong Kuwari wong Medayun
sirep pan kalingseman

ginotongan kalenger pan emeh lampus
Raja Ukman sru susumbar
payo prajurit Kuwari.

39. Ingsun kembulana ing prang
Raja Kemar metuwa ing ajurit
ngadu prawira lan ing sun
iki sutane Bahman
rajeng Kangkan sura parwira dibya nung
payo Kemar metonana
arok bandawala pati.
40. Apragola pupu jangga
ngadu yasa Kemar prang lawan mami
papagena yudaningsun
prajurit ing Kuperman
ya ta wonten satriya nom kaduk purun
nama Sang Arya Jindara
nak-sanak rajeng Kuwari.
41. Amit miyos ing ngayuda
wus ingiden sigra nitih turanggi
mring rananggana umagut
prapta ayun-ayunan
tan antara Arya Jindara amupuh
Sang Raja Ukman atadhah
sanyari tan angunduri.

11. PRABU KEMAR, NATA ING KUWARI, MANGSAH PRANG.

DURMA

1. Rajeng Kangkan sugal denira tatanya
heh prajurit Kuwari
sapa aranira
mamak nambuh ing aprang
baya dudu trah wong becik
kaya urakan
solahmu ing ngajurit.
2. Anauri pan ingsun Arya Jindara
santana ing Kuwari
apan naking sanak
ingsun lan Raja Kemar
sang Raja Ukman sru angling
iya den yitna
sun wales sira mangkin.
3. Raja Ukman senggak sarwi ngikal gada
Sang Jindara binindi
tangkep paris waja
parisane kaplesat
gulu iringe kababit
kena ing gada
kalenger tibeng siti.
4. Lajeng tedhak saking kuda rajeng Kangkan
narik pedhangira glis
Jindara cinacah
ajur kuwandanira
surak wadya Kandhabumi
Kebar lan Kangkan
lir rebah kang wiyati.
5. Nitih malih ing kuda sang rajeng Kangkan

mider papan sisirig
sarya sumbar-sumbar
lah payo metonana
endi maning wong Kuwari
kang arsa pejah
papagna tandang mami.

6. Endi silih kang anama Raja Kemar
metua ing ajurit
mara pupuliha
santanamu palastra
papatihmu meh ngemasi
Sang Rajeng Kemar
duk myarsa langkung runtik.
7. Mundhut kuda pamit marang Sri Bathara
sigra nitih turanggi
sakapraboning prang
kawot neng luhur kuda
surak bala ing Kuwari
lir guntur bentar
gustine angawaki.
8. Nateng Kebar sampun ingaturan wikan
marang wadyanireki
lamun kang umangsah
Kuwari Raja Kemar
pan ari paduka kontit
sang rajeng Kangkan
yekti kuciwa tandhing.
9. Prabu Yusupadi gya nitih turangga
kawot kaprabon jurit
prapteng rana mojar
yayi prabu mundura
pan iki rajeng Kuwari
pantes lan ingwang
tatandhinganing jurit.

10. Rajeng Kangkan nembah sandika turira
denira mundur aris
wau Raja Kemar
sampun ayun-ayunan
lawan Prabu Yusupadi
Kemar tatanya
sapa ranmu prajurit.
11. Angakua aja mati tanpa aran
rajeng Kebar nauri
iya wruhanira
Yusupadi raningwang
ratu ing Kebar nagari
trahing prawira
angreh ratu prajurit.
12. Ingsun tate mbanda ratu kaya sira
aja lengus sireki
arsa nampik mengsah
kalatheke tyasira
payo sagendhingireki
kaya tan cuwa
sira prang lawan mami.
13. Raja Kemar bramantya angikal gada
ginada Yusupadi
parise kinipat
malesat gadanira
winales sigra binindi
mungsu lan rowang
barang surakira tri.
14. Rame gada-ginada tangkis legawa
samy prawira kalih
tan ana kuciwa
denira yuda gada
ukel pan duk pareng tangkis

rame prangira
tan ana kasor kalih.

15. Saleh gada sareng denya narik pedhang
pedhang-pinedhang uthik
wong Kandhabuwana
suraknya lir ampuhan
kasaput diwangkara tis
wus tinetegan
pratandha pur kang jurit.
16. Sareng mundur nateng Kebar Raja Kemar
wadya samya ngormati
mungsuw lawan rowang
bedholken barisira
mundur masanggrahan sami
Sang Rajeng Kemar
daluh bujana sami.
17. Lawan ingkang rama Bathara Nusirwan
mider kang ponang laruh
senggaknya timbalan
ngrangin kang kalasangka
miwah Prabu Yusupadi
neng pasanggrahan
lan nateng Kandhabumi.
18. Rajeng Kangkan ing daluh samya drawina
gamelannya ngrangin
angling nateng Kebar
yayi Kandhabuwana
bobote rajeng Kuwari
lamun mangkana
durung ulap ing jurit.
19. Pantes lamun aprang lan ingsun kewala
durung kawilang luwih
yayi utusana

atur surat den enggal
yen sira kalawan mami
padha akarya
pakuwon anyaos.

20. Pakuwone Gusti Sang Surayengjagad
wong Kuwari metoni
sikara ngayuda
ing saajanging ajang
banjur padha anadhahi
si Raja Kemar
malah ngawaki jurit.
21. Unekena yayi prabu layangira
punggawa ing Kuwari
papat ingkang tiwas
roro kang saking sira
si Banendrus kang sawiji
Gajah Lautan
karo saking sireki.
22. Inkang loro papatih lawan satriya
saking kakangireki
yayi prabu Kangkan
karone kang marwasa
si Kemar rame ajurit
mungsu lan ingwang
durung kasor sawiji.
23. Kaya emeh Gusti Sang Surayengjagad
praptaning tepis wiring
Kuwari nagara
Raja Samsir gya matah
punggawa ingkang tinuding
ambekta surat
kalih sampun lumaris.
24. Pan ginelak lampahira sigra-sigra

punggawa Kandhabumi
prapteng pasanggrahan
ri Sang Surayengjagad
kasukan aneng wanadri
sato keh kena
myang mina kali-kali.

25. Langkung suka tyasira wadya Kuparman
ageng alit jalwestri
dene langkung tamban
gusti among kawula
kasukan samargi-margi
kucumbinira
sagung para narpati.
26. Lampahira wus ngancik ing siringira
tapel wetas Kuwari
keh sato ing wana
kali-kali keh mina
Wong Agung Surayengbumi
remben lampahnya
mrih sukaning pawestri.
27. Retna Dewi Sudara suka tyasira
myang Situpelaheli
sakucumbinira
dereng tate mangkana
anglurug samargi-margi
kadya cangkrama
ing wana kali-kali.
28. Kendel masanggrahan neng Ujung Pawekas
wana geng kanan kering
kali wukir ngarsa
langkung pelag kang papan
eman tan dadya nagari
Ngunjung Pawekas

rata jembar tur pekik.

29. Kali-kali pacangkramannya Sang Nata
Raja Kemar Kuwari
meh satengah warsa
aneng Ujung Pawekas
kai wana denlarangi
dadya pamengan-
nira nateng Kuwari.
30. Lalampahan pitung dina datan ana
jurange rata resik
kali-kali kathah
toyanira tumumpang
wowohan kyeh adi-adi
mila kacaryan
Sri Bupati Kuwari.
31. Raja Kemar denny karya pasanggrahan
wisma geng-ageng sami
kanan kering ngarsa
kemput kang pager bata
alun-alune respati
myang panangkilan
Ngujung Pawekas nguni.
32. Karsanira ing Kuwari Raja Kemar
pan badhe denkithani
ing Ngujung Pawekas
kaselak ana karya
praptaning mengsah ngebeki
wadya Kuparman
ri sang Surayengbumi.
33. Praptanira panggih pasanggrahan pelag
Wong Agung nedya lami
wau praptanira
duteng Kandhabuwana

lajeng umarek ing gusti
ing Arya Maktal
nuju Umarmayeki.

34. Neng pakuwonira Arya Parangteja
meningi duta prapti
Raden Maktal ngatag
kakang puniki surat
inggih andika tingali
wus tinampanan
surat sing Kandhabumi.
35. Dyan binuka winaca tembunging surat
gumujeng duk miyarsi
dene Rajeng Kemar
pupucuking Kuarman
aprang lan rajeng Kuwari
nora kasoran
Umarmaya lingnya ris.
36. Payo yayi manjing jroning pasanggrahan
aturna surat iki
sareng denya mentar
prapta ing pasanggrahan
Wong Agung Surayengbumi
pan lagya lenggah
satriya kalih prapti
37. Dyan ingawe kalih majeng atur surat
tinampi tinupeksi
mesem duk miyarsa
ri Sang Surayengjagad
kakang yayi layang iki
ngaturi wikan
yen wus tempuh ing jurit.
38. Galak temen ing Kuwari Raja Kemar
lamun mangkono yayi

sira timbalana
yayi prabu ing Yunan
didimene dentuwani
nadhahi yuda
aja si Yusupadi

39. Tinimbangan datan adangu wus prapta
Sang Prabu ing Yunani
Wong Agung ngandika
heh yayi rajeng Yunan
samektaa ing ngajurit
andhinginana
marang Nagri Kuwari.
40. Tuwanana si Yusupadi wus aprang
tandhing rajeng Kuwari
sira anggawaa
ratu panekarira
patang atus aja kari
gumujeng nembah
rajeng Yunani manis.

12. PRABU KEMAR PRANG KALIYAN PRABU TAMTANUS.

DHANDHANGGULA

1. Mengo marang Ki Umarmayeki
lawan Wong Agung ing Parangteja
lakon punapa wastane
Raja Kemar puniku
galak datan mawi dudugi
mesem ingkang miyarsa
ngandika Wong Agung
sun yayi lagi kelasan
aneng Ujung Pawekas remen ningali
marma sira kewala.
2. Kari pira lakone Kuwari
Raden Maktal umatur tur sembah
pun duta inggih ature
mung kantun tigang dalu
inggih kirang kapering kedhik
tiga gethek leresnya
ngandika Wong Agung
sedheng sun anedya lawas
sira bae yayi lajua ndhingini
angladenana ing prang.
3. Sagendhinge sang rajeng Kuwari
lamun abot age kongkonana
sun yayi kang prapta dhewe
nembah Prabu Tamtanus
majeng ngaras ing pada kalih
salaman lawan Arya
Maktal Marmayeku
lengser saking ing ngayunan
sapraptaning pakuwonira ngundhangi
ing bala wus tengara.

4. Para ratu kawan atus sami
 asanega saha bala kuswa
 atri gumuruh swarane
 budhal wadyabala gung
 sangang yuta lan sangang kethi
 balane rajeng Yunan
 sang Prabu Tamtanus
 miwah para raja-raja
 kawan atus kang kareh rajeng Yunani
 gumrah kang bala kuswa.

5. Duteng Kandhabuwana nyarengi
 lampahira Sang Prabu ing Yunan
 gumuruh wadyabalane
 ing marga tan winuwus
 tigang dalu lampahnya praṗti
 ing Kuwari nagara
 kang duta wus rawuh
 matur marang ratunira
 lamun praṗta babantu rajeng Yunani
 gagala tur prawira.

6. Sigra wau nateng Kandhabumi
 Kebar Kangkan sareng pamethuknya
 ngormati bantu rawuhe
 Mahaprabu Tamtanus
 wus kapethuk aninggal baris
 sira prabu katiga
 mung pacaranipun
 piyak baris kang pangarsa
 wadya kuda kang tinerak mire sami
 baris kendel lampahnya.

7. Angandika Sang Prabu Yunani
 yayi Kebar Kandhabumi Kangkan
 padha rahayu lampahe
 sadaya matur nuhun

angling malih rajeng Yunani
paran pratingkahira
mungguhing prang pupuh
lelewane Raja Kemar
pan manira tinuduh bantu ing jurit
nanggulang ing ngayuda.

8. Kangjeng Gusti duk karem cangkrami
aneng ing wana Ujung Pawekas
nemu pasanggrahan gedhe
iya pamenganipun
Raja Kemar wana respati
dene ta lamun awrat
sinangga prangipun
ing Kuwari Raja Kemar
nuli kinen atur uninga ing gusti
matur sang rajeng Kebar.
9. Pan kawula sampun angladosi
inggih yudane pun Mraja Kemar
dereng ulap pratingkahe
bilih wonten kang kantun
pan kawula boten udani
angling sang rajeng Yunan
yayi pama sawung
jajalen tarunge nora
pati adoh iku yen mungguhing budi
nanging wallahualam.
10. Payo yayi luakua dhingin
mbesuk gunem aneng pasanggrahan
nembah raja katigane
mesat samya rumuhun
sigra budhal rajeng Yunani
gumuruh bala kuswa
tan kawarneng ngenu
sapraptaning jawi kitha

wus pinrenah sagung prajurit Yunani
pasanggrahan saosan.

11. Saosane Gusti Jayengmurti
rajeng Yunan sampun masanggrahan
sawadya pakuwon kabeh
tuwin kang para ratu
pakuwone kepung ngubengi
ing ngarsa kering kanan
mangkana winuwus
gegere wong sanagara
dening mungsuh ing wuri saya gung prapti
prajurit ing Kubarman.
12. Wong Kuwari samya wedi giris
narka Wong Agung Surayengjagad
ingkang prapta kari kiye
mangsa wurunga gempur
binoyongan wadya Kuwari
wong cilik ngungsi kitha
saya gung kasusu
kang wus aneng jroning kitha
samya ngalih angungsi sajroning puri
langkung wayang-wuyungan.
13. Rajeng Kemar gya miyos tinangkil
neng pakuwon aglar pra dipatya
miwah Ambar papatihe
wus saras kaninipun
sampun munggend ngarsa narpati
tuwin Sri Maharaja
Medayin wus lungguh
munggend padma dirgasana
Patih Bestak jajar lan patih kuwari
aglar prajuritira.
14. Patih Ambar umatur wotsari

dhuh pukulun mengsah geng kang prapta
wadya Kupaerman estune
wingi ing rawuhipun
kalih dasa yuta kang prapti
senapatining lampah
Sang Prabu Tamtanus
ingiring narpati dthomas
pan ing mangke Wong Agung Surayengbumi
sawadya para nata.

15. Kendel karem cangkrameng wanadri
masanggrahan neng Ujung Pawekas
kadya samodra balane
angken wiyati tedhuh
Patih Bestak nambungi aris
punika rajeng Yunan
prajurit pinunjul
tate anguwisi karya
mangka bau kanan kering Jayengmurti
lawan sang Arya Maktal.
16. Duk Pakaos sang rajeng Yunani
pan ingutus juga tanpa rowang
amung lawan turanggane
Jobin pan arsa mikut
winedalan saking ing wuri
cinidra mrih pinedhang
kang amedhang durung
tiba pedhange lumarap
mung sinampe rampung jangganira kalih
lajeng krodha mangrepak.
17. Bala Kaos kethen kang pra dipati
para ratu tan ana tumama
ing kang parek tumpes kabeh
wong Kaos gempur tumpur
anggelasah ing kang ngemasi

ratu mati kedadak
punggawa gung-agung
akeh kang mati kairas
pamedhange rangkep pitu tigas pacing
rangkep sapuluh rantas.

18. Wong sawiji kinrubut sakethi
Raja Tamtanus busik pan ora
wulu salamba tan regel
ingkang sakethi gempur
wadya Kaos pan tumpes tapis
lah iya ngendi ana
kang kaya Tamtanus
prawira kebat lir kilat
sekti cukat tarampil kesit lir thathit
tuhu kakung ngalaga.
19. Sru ngandika sang Rajeng
gedhe endi Tamtanus lan ingwang
miwah prakosa luhure
Patih Bestak umatur
inggih ageng Paduka Aji
miwah luhur paduka
nanging kantong patut
kenceng otot rajeng Yunan
pamolune pantes wanguning prajurit
pan sarwi mengo ngiwa.
20. Nyepeng pakecohan asta kering
abibisik mring Raja Bubarwan
puluh ngandelna gedhene
adhuwur nora dhapur
dadak kaya rajeng Yunani
cahyamu angelampra
ulatira njembrung
patute kuthuh ing tingkah
ting balesar budine nora patitis

pantes jago godhogan.

21. Pirabara yen bisaa nggitik
saking kasusu piyangkuhira
breyo-breyo gigitike
bruwun nggitik barutu
nora apik ratu bangsati
mung nocok patutira
ngadhep sega wakul
angel duwea leksana
pirabara wong mangkene duwe wani
madhani rajeng Yunan.
22. Kari tejane tetep atitih
pasthi apik nora nggitik ura
pasthi kenthel gigitike
yen nora nggitik irung
nggitik alis mbabar pisani
mangkono wong prawira
nora wowor sambu
pratingkah ugering manah
wus begjama dadi raja ing Kuwari
ajaa dadi raja.
23. Sapa arep atuku setali
kudu tandhing prang lan rajeng Yunan
bagus wingit pasemone
arereh tur aruruh
satibane tiba prakati
sagung ingkang miyarsa
tutup lathinipun
garundele Patih Bestak
ting cakikik pra samya angulap liring
ukele nyolong tingal.
24. Raja Kemar asru denira ngling
apa amuke sang rajeng Yunan

**kang denandelken gunane
durung padha lan ingsun
bisa gaib pangulah jurit
pira rosaning gada
lan kuwating bau
Patih Bestak aturira
yen puniku wonten uga kang mancening
kasekten pangabaran.**

25. Lamun tiba Kuparman nagari
dados polah dodolanan bocah
mangsa timbanga gunane
lawan Umarmayeku
miwah marang Ni Kuraisin
ing tingkah kaluwihan
balanipun satus
yuta kabeh tan katingal
yen ayuda pra samya napak wiyati
balane jing Ngajerak.
26. Anyeluman kabeh yen ajurit
anothoki saking ngawang-awang
mungsu bundhas-bundhas kabeh
tan wruh sangkaning thuthuk
sru ngandika rajeng Kuwari
Bestak si Kakungingrat
entek sektinipun
tiba Kuwari nagara
wus wineca ing nujum bakal ngemasi
yen aprang lawan ingwang.
27. Matur kados lami-lami mati
jer punika bebete wong pejah
Raja Kemar rengu tyase
mundhut dipangga agung
prapteng ngarsa tedhak Sang Aji
tinapak kang dipangga

sirahipun rempu
gajah nggumdam lajeng pejah
Patih Bestak matur mring rajeng Kuwari
punika yen wong Arab.

28. Inkgang sami amejahi esthi
rare kang saweg umur rong warsa
sami esthi dolanane
gajah dinumuk ajur
boten mawi dipuntampiling
sikepe kang ngrerembat
sami onclang senuk
ambalangaken turangga
sapambedhil tibane awor lan siti
limrah bala Kuparman.
29. Kaku tyase rang rajeng Kuwari
ginagonjak marang Patih Bestak
sigra ken tengara age
arsa mijil prang pupuh
Sri Nusirwan miyos njenengi
baris tepung akapang
rowang lawan mungsuh
wong Kebar Yunan lan Kangkan
amalatar tuwin wadya Kandhabumi
baris tepung mbalabar.
30. Amit miyos sang rajeng Kuwari
nitih liman sakapraboning prang
wus kawot neng dipanggane
amit marang sang prabu
ing Medayin sampun ngidini
sigra mring rananggana
suraknya gumuruh
wong Kuwari mbata rebah
wong Medayin surake mawanti-wanti
wau baris Kuparman.

31. Nateng Kebar umatur wotsari
mring Tamtanus lah inggih punika
pun Raja Kemar warnane
miyosi ing prang pupuh
sumbar-sumbar aminta tandhing
mesem sang rajeng Yunan
manira kang methuk
sigra anitih dirada
pinalanan pinatik nila widuri
tinatirah sosotya.
32. Melak dipangga rajeng Yunani
mangсах rana pan amurub mubyar
ing busana ujwalane
wadya surak gumuruh
kang ayuda sampun apanggih
angling sang rajeng Yunan
apa ta sireku
kang paparab Raja Kemar
anauri iyengsun rajeng Kuwari
lah sira iku sapa.
33. Anaauri sun rajeng Yunani
Sri Tamtanus arsa ngladenana
nanggulang sira bobote
Raja Kemar sru muwus
payo apa aneng sireki
angling sang rajeng Yunan
dudu caraningsun
ing aprang yen ndhinginana
sigra Kemar angikal gada mrepeki
ginada rajeng Yunan.
34. Tangkis legawa parise wesi
pan kasingsal gadanira Kemar
tibeng siti doh tibane
angling Prabu Tamtanus

den prayitna rajeng Kuwari
kudhunga bandayuda
sira ingsun pupuh
Tamtanus angikal gada
munggeng asta asenggak rajeng Yunani
sarwi nibani gada.

35. Angeneni panggadanireki
Raja Kemar parisane sigar
anrus sirah dipanggane
remek sirahe ajur
gajah pejah tiba Sang Aji
surak bala ing Yunan
wong Kebar gumuruh
wong Kangkan Kandhabuwana
tri gumuruh kadya rebah kang wiyati
Kemar wus kakadhalan.
36. Angandika sang rajeng Yunani
payo Sang Nata sira mundhuta
mring wadyamu gajah maneh
nora cidra prangingsun
sun pindhwa sira ngemasi
nanging ingsun kang nistha
wus dharat sireku
ingsun maksih neng dipangga
panujune anggada mungsuh ngemasi
jer dharat lan dipangga.
37. Raja Kemar ngawe bala prapti
ingkang sami ngaturken dipangga
Raja Kemar nitih age
angundha gadanipun
gya ginada rajeng Yunani
tangkis parise waja
mubal geni murub
bala gung surak gumerah

panarkane mati sang rajeng Yunani
kalaban ing dahana.

38. Raja Kemar panggadane nitir
datan osik Sang Prabu ing Yunan
pengkuh kuwat panangkise
tan kewran sang aprabu
angandika rajeng Yunani
apa wus wareg sira
nggonira amupuh
kaya wong kemaruk aprang
yen wus tutug pan ingsun gantya malesi
nanging den padha tata.
39. Yen durung wareg nggonira mbindi
tutugena nanging den atata
aja gugup angger renteh
pan kaya wong berandu
nora urus ratu ajurit
yen tingkah lir wong kompra
dudu cara ratu
Rajeng Kemar sru lingira
lah malesa sira sang rajeng Yunani
Tamtanus ngikal gada.
40. Ngetap liman sang rajeng Kuwari
sarwi pasang parise malela
Prabu Tamtanus nulya ge
amuter gadanipun
pasang tadhah rajeng Kuwari
sigra gada lumarap
gumilap ngunguwung
kasorotan diwangkara
narawungi sumiyat tibaning bindi
kumrusuk wor prahara.
41. Raja Kemar duk meh dentibani

parise sigra kang kinudhungan
nenggih sirahe limane
anut tibaning pupuh
paris sumyar sirahing esthi
remek katiban gada
pejah gajah rubuh
Kemar tibane kasingsal
sigra tedhak Tamtanus saking ing esthi
mrepeki Raja Kemar.

42. Rajeng Yunan ngawe bala prapti
kang samya ngampil parisanira
wus katur marang gustine
angling Prabu Tamtanus
payo Kemar ayuda malih
den tata aprang dharat
ywa sira kasusu
enya tameng enya gada
pan mangkono pranging ratu kang sayekti
lamun gugup anistha.
43. Raja Kemar njentung tan kena ngling
wruh tingkahe prajurit Kuperman
anrus ing tyas legawane
tuhu apranging ratu
jatmikane angluluwihi
animpangaken nistha
mrih utamanipun
Sang Raja Kemar ngrerepa
heh Sang Prabu ing Yunan sun njaluk alim
saiki rerenana.
44. Besuk bae padha aprang malih
pan ing mengko banget sayahingwang
nora kelar ing batine
ngladeni prangireku
lamun nora rerena dhingin

**gumujeng rajeng Yunān
sakarsanireku
iya sun turut kewala
sareng mundur Kemar lan rajeng Yunani
kasmaran kang tumingal.**

13. PUTRI CINA SUPENA KEPANGGIH WONG AGUNG

ASMARADANA

1. Bubar kalih kang ajurit
wau ta sang rajeng Yunan
sapraptanireng pakuwon
pan lajeng samya bujana
lan sagung para nata
ngandika Prabu Tamtanus
yayi Kebar lan ing Kangkan.
2. Miwah yayi Kandhabumi
aja na metu ngayuda
yen wong Kuwari tan miyos
apan ing Raja Kemar
prange karena Allah
anjaluk aso rumuhun
mulane nora sunbanda.
3. Matur prabu Yusupadi
pukulun wau kawula
dereng mangreti tangkepe
mungsuhe kepaten gajah
ping kalih tan binanda
sami tedhak ting keranthuk
teka pijer guguneman.
4. Gumujeng rajeng Yunani
gumyak sagung para raja
pan mintak ampun kalahe
Raja Samsir aturira
yer. paduka ngarsakna
wekasanireng prang pupuh
sawau kewala tamat.
5. Ngandika rajeng Yunani
heh yayi Kandhabuwana

pan ing ratu utamane
manut sakarsaning mengsah
dosane ingapura
sabarang ingkang jinaluk
tinurut iku utama.

6. Sun watara dadi kanthi
tembe sira Raja Kemar
pesaja aten-atene
pantes yen ratu dandanan
yen mungguh saprakara
pindho ugering kaprabun
awantah datan karenah.
7. Yayi sang rajeng Kuwari
upama sun uwisana
yekti yen eman praptane
gusti sang Surayengjagad
nistha yen mungsuhana
ratu apes ing prang pupuh
sinebut prajurit delap.
8. Sadalu bujana sami
kuneng wau Raja Kemar
sapraptanireng pakuwon
pan lajeng samya bujana
lawan Prabu Nusirwan
Sang Raja Kemar amuwus
marang Kyana Patih Bestak.
9. Neng ngarsanira Sang Aji
bener sira Patih Bestak
wong Kuparman atos-atos
cacak punggawa kewala
prawirane mangkana
mendah senapatinipun
pantes lananging buwana.

10. Gumujeng ingkang miyarsi
sadalu denya bujana
wonten gantya winiraos
Sri Naranata ing Cina
ratu kalokeng jagad
sinembah samaning ratu
sugih bala lan berana.
11. Awingit karatoneki
tan kena kambah ing corah
bandhu-bandha karatone
Ong Te Te ratu prakosa
pilih kang para raja
nangga boboting prang pupuh
miseseng rat mandraguna.
12. Sugih brana anglangkungi
putus pamardining arta
datan karaseng wadyane
miwah kathahing atampa
bulu bektining raja
akathah jajahanipun
ratu bawa suleksana.
13. Tan ana ingkang nimbang
arjane nagari Cina
miwah jembare kithane
apan wolu likur wulan
ujur adanging kitha
pitung wulan panjangipun
miwah pasagining alang.
14. Jejel atap kang wadya lit
apipit datanpa sela
adu kikis adu cocor
suka sugih kang kawula
tan ana kang malarat

tan ana wong susahipun
geng alit tyasing wadyeca.

15. Wenang sinebut sayekti
denira amengku bala
rinekseng barang susahe
kabeh kakenan ing enak
ratu sugih santana
nanging pangidhepanipun
geni murub pinangeran.
16. Apan sawadyanireki
wong Cina sadina-dina
pan urunan sagung kang wong
ing kayu kalawan lenga
punggawa myang satriya
wong cilik kang ngambil kayu
wong gedhe ingkang balanja.
17. Kadya sundhula ing langit
urube ponang dahana
munggeng sangajeng kalentheng
miwah bala kang pinatah
rumeksa ing dahana
tan towang wong patang ewu
lor kulon kidul myang wetan.
18. Wong sewu ingkang njagani
manawa suda urubnya
puniku kang mbenerake
kurange kayu lan lenga
saking wong sanagara
ingkang anarik puniku
marmanya tan kena owah.
19. Cinatur Sri Narapati
ing Cina darbe atmaja
pawestri endah warnane

putri loking tri bawana
putrine rajeng Cina
samy a estri kalihipun
kang sepuh sampun diwasa.

20. Paparabira Sang Putri
Retna Dewi Adaninggar
kang rayi duk bajang kewer
nama Dewi Widaninggar
kang sepuh sring linamar
nanging ta Sang Dyah tan ayun
dereng wonten senenging tyas.
21. Apan ta Sang Rajaputri
karem marang kaprawiran
lamun akrama sedyane
yen nora antuk prawira
munjuli para raja
beraa salaminipun
Sang Putri tan arsa krama.
22. Pan anggung andangu cethi
nenggih wartane wong dagang
ngendi ana ratu moncol
kang prawira ing ngayuda
ature wong adagang
boten wonten ratu punjul
kang wus kasub pramudita.
23. Amung nagari satunggil
sineba ing para raja
kadya samodra balane
angadhaton ing Kuparman
Wong Agung Kakungingrat
tan arsa jumeneng ratu
ababala para raja.
24. Sinembah ing para aji

Wong Agung Surayengiagad
tan ana nangga bobote
ratu saubenging jagad
kasoran ing ngayuda
mring Kalana Jayengsatru
tuhu kakunging ngalaga.

25. Amung punika kang warti
Wong Agung Surayengiagad
ing Kuparman kadhatone
abala para raja
trahe Wong Agung Arab
anelahi cahyanipun
mandraguna ing ngayuda.
26. Sugih garwa para putri
tur sami putri prawira
mangkana wau Sang Sinom
singa kang antuk pawarta
cethine dipunlopa
lan kang bisa tutur-tutur
kojahe nagri Kuparman.
27. Pasthi yen dipunkasihi
saben dina kinen warta
tan pisah lawan gústine
wonten malih angsal warta
yen Wong Agung Kuparman
ing mangke lagya anglurug
marang Kuwari nagara.
28. Wau ta Sang Rajaputri
Adaninggar kawisaya
saking ing ciptane dhewe
dipangga lit asosobrah
sembung langu upama
singa-singa kang ginugu
mikatoni jro supena.

29. Sang putri supeneng latri
panggih Wong Agung Kuparman
jro pangimpen weleh-weleh
sineba ing para raja
aneng ing pasanggrahan
lir samodra balanipun
pakuwon kadya wanarga.
30. Katingal wus dadya rabi
dening Wong Agung Kuparman
awanti-wanti karoron
Sang Putri wungu sakala
kagyat lamun supena
sare malih impenipun
tutug sambunge tan owah.
31. Lawan marune kakalih
putri saking ing Karsinah
Parangakik satunggile
ayu gandese pasaja
sami putri prawira
maru kalih samya runtut
katingal sasolahira.
32. Miwah yen kala alinggih
kaliyan lan Adaninggar
animbali para katong
sagunging ratu wadana
kemutan warnanira
Adaninggar nora pandung
warnane bala Kuparman.
33. mBan Siwangsiwung turneki
gusti wungua den enggal
wonten nangkoda wingine
prau ta saking Kuparman
antuk warta kang nyata

pitung wulan laminipun
adagang nagri Kuparman.

34. Antukipun anyarengi
lawan Sang Surayengjagad
anglurug sapunggawane
balane kadi samodra
wutah ngebeki papan
upacara wadyanipun
wong Cina ingkang saleksa.
35. Saleksa bala Ngabesi
wong Turki ingkang saleksa
wadya Ngrum saleksa maleh
Presman Sepanyol saleksa
wong Indi kang saleksa
mung kang kaparek nggenipun
upacara wadya Cina.
36. Pinangangge sarwa rukmi
ebat-ebate pinonthang
pedhang abir ampilane
kabeh sami ingemasan
dene busananira
sabalane Jayengsatru
lelembuting sutra Cina.
37. Milane kalangkung laris
Kuparman dagangan sutra
kaprah sakayuh regine
nenggih tigang atus dinar
dene ingkang kepala
ingkang sanget alusipun
regi kawan atus dinar.
38. Tinumbas para narpati
milane gusti kerasan
mondhok wismane Esenge

nangkoda Bing Sing punika
jinise kang anumbas
pun Amir Jes namanipun
lulurahing upacara.

39. Wong saleksa denkalih
pun Amir ku satunggal
satunggile pun Amir Jes
tiyang saleksa punika
banjeng pemahanira
tigang leksa gedhongipun
saben wong Cina satunggal.
40. Darbe prasanakan sami
pitu wolu myang sadasa
setun kang boten-botene
adarbe sakawan gangsal
mila wismaning Cina
sakethi kapara langkung
ambanjeng dados satunggal.
41. Inggih Cina saking ngriki
kang malarat angumbara
ing Kuperman andon gawe
lami-lami sugih donya
mila sangsaya kathah
ngetutaken sanakipun
kang dados wong upacara.
42. Sang retina duk amiyarsi
mban Siwangsiwung turira
gumregah tangi njenggelek
ngandika lah timbalana
nangkoda Bing Sing enggal
lanang wadon kon lumebu
wartakna iku yen garap.
43. Reyalingsun patang kethi

den nggo dagang mring Kugarman
den gumyah iku wartane
poma biyang benjang enjang
Bing Sing kon manjing pura
metua butulan kidul
sun temoni gedhong mirah.

44. Lawan nganggoa sengadi
dagangan saking Kugarman
ingkang dadya oleh-oleh
mban Siwangsiwung gya medal
prapteng wismeng nangkoda
ndhawuhken timbalanipun
Sang Retna putri Sri Nata.

14. PUTRI CINA GANDRUNG ASMARA DHATENG WONG AGUNG.

SINOM

1. Kuneng dalu ri kamantyan
mban Siwangsiwung wus mijil
prapteng wismaning nangkoda
Bing Sing sampun dendhawuhi
ngandikan mring jro puri
kalawan sarabinipun
sarta tur-aturira
mban Siwangsiwung kang ngirid
prapteng pura pinrenah ing gedhong mirah.
2. mBan Siwangsiwung tur piksa
ing Gusti Sang Rajaputri
yen nangkoda Bing Sing prapta
gupuh sang retnaning puri
tedhak angrangkul cethi
sempoyongan lampahipun
praptaning gedhong mirah
ing bale kencur rinukmi
ki nangkoda lan rabine kinen minggah.
3. Katur atur-aturira
sinjange sangkelat wilis
pamadani kang saancak
kurma dhadhaharaneki
katur Sang Rajaputri
kang mangka sesambenipun
Adaninggar ngandika
heh sira nangkoda Bing Sing
kaping pira dagang mring nagari Kuparman.
4. Nangkoda Bing Sing tur sembah
pukulun Sang Rajaputri
apan sampun kaping gangsal

dene kang kantun puniki
pan inggih pitung sasi
milane lami pukulun
inggih kadang kawula
pun Amir Jes damel Gusti
gedhong ageng panjang kawandasa cengkal.

5. Kula kang kinarya tukang
antuk kula densangoni
inggih kawan ewu dinar
kalih atus kambing estri
manjangan satus kalih
sarang burung pitung pikul
miwah kaluwa Kumar
denbektani seket guci
langkung mukti kadang kula neng Kuparman.
6. Kalawan inggih keringan
denugung marang ing gusti
Wong Agung Surayengjagad
winenangken saba puri
lamun atrap kulambi
mung kadang amba pukulun
kang masang ngewahana
miwah ta angsal ing njawi
kinasihani mring Wong Agung Parangteja.
7. Kebon inggih pinaringan
isine pethetan asri
lan isi gedhong sakawan
pun Amir Jes denparingi
busana saben warsi
mring kang garwa Jarahbanun
mintir paparingira
mring kadang kula kang estri
marma inggih keringan sasolahira.

8. Nglebet angsal njawi angsal
tuwin kang para narpati
yen atumbas sutra Cina
nimbali kinen amilih
kang ala lan kang becik
kandel marang para ratu
boten tumbas busana
saanak rayatireki
saking kathah paparinge para raja.
9. Ngandika Retna Daninggar
Wong Agung Surayengbumi
yen wayah pukul sakawan
nimbali para narpati
munggeng taman alinggih
neng wijoan palowanu
sami dhahar kaluwa
tur sembah nangkoda Bing Sing
inggih angger saben-saben pan mangkana.
10. Sinten kang matur paduka
mesem ngandika Sang Putri
tan ana tutur maring wang
iku sira den awadi
iya nggoningsun ngipi
mangkono panduluningsun
apa terus ing kana
yen pukul pat animbali
para ratu pangarsa mring patamanan.
11. Nangkoda Bing sing miyarsa
tumenga tumungkul malih
dhuh Sang Hyang Latawal Ujwa
muga mundhaka Jeng Gusti
ipene kang kadyeki
tutuga ing tunggilipun
kongsiya manjing pura

Kuparman kapetha rabi
pasthi bentek Kuparman dening wong Cina.

12. Winuwusken dedegira
pamulu pasemoneki
satindak sapangandika
ngungun ki nangkoda Bing Sing
Gusti dene ngeblegi
pan boten gethang sarambut
gusti ipen punapa
satengu tan wonten nilib
mendah baya gusti dalema Kuparman.
13. Nagari panjang punjungan
jangkunge pan loh jinawi
pasir wukir wulus rata
tan ana jurang sawiji
kali tumumpang wening
krestal samya wedhinipun
lebeta mung rong asta
akarikil watu maspir
datan wonten nimbangi nagri Kuparman.
14. Tuwin kang darbe nagara
Wong Agung pindha jaladri
tyase rahayu angambar
angapura marang dasih
mrih atine pra abdi
dening sandhang panganipun
myang suker sakitira
tinatedha myang Hyang Widhi
waluyaa kang wadya sadayanira.
15. Langkung asih marang bala
punggawa para narpati
kinulit daging sadaya
anggepe kang pra dipati

miwah satriya mantri
kandhem kerem ajur luluh
tan wonten nedya ginggang
saking sukunireng gusti
lawan asih mring wong prapta mara dagang.

16. Pinanci sapanganira
tan towang ing siyang latri
